Махуэшхуэ зэхыхьэ

2-нэ нап.

Гъуниб Іуащхьэм адыгэ тетащ

3-нэ нап.

Мы гъэм и бжьыхьэр

4-нэ нап.

ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ1ЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№107 (24.701) ● 2024 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 5, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

2024

ФокІадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ

Къэралпсо мыхьэнэ яІэщ

КІэукІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ Іуащхьэмахуэ щыналъэм щыІащ икІи абы щыхэзэщ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заурбэ Іуащхьэмахуэ районым и Іэтащхьэ Соттаевым Къурмэнрэ.

КЪУПЫКЪУЩІЭХЭР нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьахэм ящыщщ псэукІэм зегъэужьыным теухуа Іуэхухэр, лъэпкъ проектхэмрэ къэрал, щыналъэ программэхэмрэ гъэзэщІа зэрыкъу. Апхуэдэуи дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэІэпыкъуныр Іэпэдэгъэлэл ящІ зэрымыхьунр кьыхагъэщащ.

Соттаевым зэрыжІамкІэ, районым экономикэ, инвестицІэ я лъэныкъуэкІэ зиужьащ. Щыналъэм къэрал мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэр щокІуэкІ. Абыхэм ящыщщ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхуІэм илъэс псом лажьэ лыжэ къэжьыхьыпІэхэр къыщызэгъэпэщыныр, Іуащхьэмахуэ и бгыхэм хьугъуэфІыгъуэхэр къыщІэхыныбмкІэ комбинатыр зэраухуэнур, гипс заводми лэжьэн щІидзэжащ, щыхуэхэм Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ Іэнатіэхэми зауж.

Адрей районхэми ещхьу, Іуащхьэмахуэм гулъытэ хэха щыхуащІ щыхуэхэр зэкІуалІэ Іуэхущ1апІэхэм. Нэгъабэ зэрагъэпэщыжащ Тырныауз дэт школхэр, Нейтринэ, Эльбрус, Былым жылэхэм дэт ефжапІэхэр. Терскол щыхуи 150-рэ зыщІэхуэ ефжапІэ щащІ. Зыхуей хуагъэзэжащ Щэнхабэзмкіэ унэр, иджы Іуащхьэмахуэ жылэм Щэнхабзэмкіэ унэрэ спорт комплексрэ дащІыхь, амбулаторэм лэжьэн щІидзащ. Тырныауз иджыпсту Сабий, ныбжьыщІэ творчествэмкІэ центрыр, олимпиадэм щыхуагъэхьэзыр школыр, поликлиникэр, лицейм хэт сабий гъэсапІэр зыхуей щыхуагъаз. А псом кьищынэмыщІауэ, Азау хуеймрэ Іуащхьэмахуэ жылэмрэ я зэхуаку кьагъэсэбэпа псыр зэрыкІуэ бжьамийуэ дэлъыр щызэрахъуэкІ. НэгъуэщІ щІыпІэхэми лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьауэ щокІуэкІ.

КІуэкІуэ Казбек Тырныауз щеплъащ жылагъуэ зэхуэсыпІэхэр, тІысыпІэхэр зыхуей зэрыщыхуагъэзам.

Къалэм и теплъэр егъэфІэкІуэныкмкІэ федеральнэ проектым хыхьэу нэгабэ кьагъэщІэрэщІауэ щытащ паркыр. Мы гъэм муниципалитетым и ахъщэкІэ Іуащхьэмахуэ проспектыр ягъэдэхащ, абы тетщ удэ гъэгъажэр зэрыт утыку, сабий джэгуплэхэр, спортым зыщыхуагъасэ щыпІэхэр. Дляпкіэ гъуэгу зэпрыкІыпІэхэр къыхагъэщыну я мурадщ.

Іэтащхьэм апхуэдэу щыгъуазэ зищІащ «Къуажэхэм зегъэужьын» къэрал программэм икІэ иткІэ Отаров Керим и цІэр зезыхьэ 1-нэ лицейм елха 5-нэ сабий гъэсапІэр зэрыдзэрагъэпэщыкыр. Абы сабии 180-рэ щІэхуэнущ. Іуэхущ1апІэр илъэс 60 ипэкІэ яухуащ, алъандэри зэи нэгъэсауэ зыхуей хуагъэзакъым. Унащхьэр тралъхьащ, псы, хурбэ зэрыкІуэхэр щІашащ, иджы и кІуэцІымрэ и щІыбымрэ зэрахьэ. Абы уиІэпащІэхэр щІэуэ щІагъэуэвэнущ, егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрагъэпэщынущ, пщІантІэри зыхуей хуагъэзэнщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ

Бахъсэн и еджапІэщІэ

Бахъсэн къалэм къыщызэІуахащ Гагарин Юрий и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек** гъэ еджэгъуэщІэмкІэ ехъуэхъуащ ныбжьыщІэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм:

- Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи нэхъыжьхэм яхуэфэщэну факъыхущІэкІыну, егъэкІуэ жыІэдаІуэ къыфхэкІыну, егъэджакІуэхэр фэркІэ гушхуэну. Адэ-анэхэми сохъуэхъу гъэ еджэгъуэщІэмкІэ. Шэч хэмылъу, уи сабийм и зэфІэкІхэр, екъулІэныгъэхэр плъагъуным нэхъ насыпышхуэ щыІуэ къыщІэкІынкъым. ЕгъэджакІуэхэм я лэжьыгъэм пщІэшхуэ худощІ. Дэ дыхущІэкъунущ фи щІыхьыр нэхъ лъагэ зэрыхъуным, фи лэжьыгъэкІэ фызыхуеинухэмкІэ фыкъызэдгъэпэщыным, фи щІэныгъэмкІэ, псэм и хуабагъэмкІэ сабийхэм фадэгуэшэн папщІэ. Школыр яухуащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектымкІэ. ФІыщІэ псалъэхэр хуэфащэщ сабийхэм, ахэр зэрыс унагъэхэм, егъэджэныгъэ Іэнатіэм гулъытэ хэха хуэзыщІ ди Президентым. Бахъсэн къалэ къыщызэІуах Къэбэрдей-Балъкъэрым и школ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зы, япэ космонавтым и цІэр абы зэрыфІащари гуапэщ. Ныбжьыщ1э лъапІэхэ, сытым дежи пэрыту фыщытыну, ехъулІэныгъэ фи1эну си гуапэщ!

Гуфіэгъуэ зэІущІэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**, республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор**, Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**.

Еджапі1эщІэм тІысыпІэ 1224-рэ иІэщ. Кьатищу зэтет унэр метр зэбгъузэнатІэу мин 26-рэ мэхъу. Абы хэтщ тІысыпІэ 740-рэ зиІэ актовэ пэщ, щэнт 408-рэ зыщІэт шхапІэ, иджырей егъэджэныгъэ Іэмэпсымэхэмкіэ уэздауэ пэщ 52-рэ. Школым кьедза щыналъэм щыщу гектари 4-р хухахащ футбол губгъуэм, баскетбол, волейбол щыджэгуну утыкухэм, Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр щрагъэкІуэкІыну щІыпІэм. Еджапіэм къекІуалІэ уэрамитІым - Олимп бульварымрэ Школьнэмрэ - зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ.

Іуэхущ1апІэр Бахъсэн и хьэблэ зызыужьым дэтщ, ар къыздэсыІуахам Іэмал ящаритынущ сабийхэм я еджэныр пщэдджыжьакІуэу къызэрагъэпэщыну.

Щытыкіэр зэпІэзэрыт мэхъуж

КЪБР-м и Іэтащхьэм зэІущІэ ядригъэкІуэкІащ къуажэ, къалэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм.

ПСОМ япэу жаІащ Бахъсэн и хьэблэхэм ящыщ зым къыщыкъуэ кІэтІий узыфэ зэрыщІалэр къызэрагъэувыІар. КЪБР-м щыІэ «Роспотребнадзор»-м къызэритамкІэ, цыху куэд узым къыщыхигъэзыхьа пІалъэр зэфІэкІащ, сымаджэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ.

Сымаджэщхэм щІэлъхэм я щытыкІэр нэхъыфІ къэхъужащ, хьэлъэ яхэтыжкъым. Медицинэ и лъэныкъуэкІэ хуащІапхъэ псори зэфІагъэкІ.

Зи кьалэнхэм Бахъсэн кьалэ и «Строительный» микрорайоным и псым и кьабзагъыр кьапщытэ.

«Іэщ1агъэлІ гупхэр къызэрагъэпэщу щыналъэ псоми цыхуэхэр зэфэ псыхэр къыщапщытэну унафэ сщІащ. А псори си нэІэ щІэту йокІуэкІ», - жиІащ КІуэкІуэм.

«Муниципальнэ сыхьэтым» къупькъущІэхэр щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым и хэхыныгъэхэм республикэм зэрызыхуигъэхьэзырым. Хэгъэгум щыналъэ хэхапІэ 13 щыІэжьэнущ, апхуэдэу хэхакІуэ комиссэу 355-рэ щыІэнущ. Абы нэмыщІ, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэу 900 хэхыныгъэхэм щылэжьэнущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, республикэм щекІуэкІыну хэхыныгъэ Іуэхухэм и чэзум, зыхуей хуэзэу зыхуагъэхьэзыр.

Іэтащхьэмрэ район, къалэ унафэщІхэмрэ я гугъу ящІащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал, щыналъэ программэхэмрэ гъэзэщІа зэрыкъум, а Іуэхур муниципалитетхэм зэрыщыдэкІым.

Ласицкене Марие иригъэблэгъащ

Олимп чемпионкэ Ласицкене Мариерэ абы и тренер Габрилян Геннадийрэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек яхуэзащ, Прохладнэ къалэм щекІуэкІа спорт махуэшхуэр къаззрыщыхъуам тепсэлъыхьыжьын папщІэ. Зэхьэзэхуэм Урысейм Белоруссиемрэ атлетикэ псынщІэмкІэ я спортсменхэр хэтащ. ИужькІэ ахэр яІущІащ Ласицкене Марие и цІэр зэрихьэу Прохладнэ къалэм дэт, олимп резервыкІэ спорт школым и еджапІэхэм.

«ЕКІУЭКІА зэхьэзэхуэр зэрызэгъэпэщащ, ди республикэм къыхуэфщІ гулъытэм фІыщІэ фхузощ. Атлетикэ псынщІэмкІэ зэхьэзэхуэм ящу сепльауэ араща. Цыхуэ куэд зыхэт, гур хэзыгъахъуэ теплъэгъуэщ си нэгу щІэкІар. Апхуэдэ зэпеуэхэм спортым и пщІэми хагъахъуэ. Ди республикэр вгъэгушхуэу абы фызэрыхэтам, апхуэдэ махуэшхуэ къызэрыгъэзгъэпэщам папщІэ фІыщІэ фхузощ. Дахэ дыдэу псори екІуэкІащ!» - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

«Спортсменхэм я зэхуакум зэныбжьэгъугъэ дэлъщ, езыхэм ящІам сабийхэр ирагъэсэну яфІэфІу. Ар зэхьэзэхуэм и зы Іыхьэт. Сыт Прохладнэр къыщыхэтхар? Кьару къыпхэзылъхьэ уиъыщалъхуэ щІыпІэм, ар щІыкІуэ щытми, мыхьэнэ зэриІэр кьагурыдгъэІуэн папщІэ. Абы щызыхэпщІэмрэ гъуэ къыщыпхуэхъумрэщ нэхьапэр. Сэ сыт хуэдэ зэмани фІыщІэрэ лъагъуныгъэрэ зыхэсщІэу си хэкур сигу къызэрэкІыж, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Прохладнэмрэ си гум Іэфіу илъынущ. ФІыщІэ фхузощі спортым гулъытэ зэрыхуэфщІым щхьэкІэ», - жиІащ Ласицкене Марие.

Зэхущ1ым щытепсэлъыхьащ республикэм спортым зэрызыщиужьым, псалъэм папщІэ, Прохладнэм атлетикэ псынщІэм куэд зэрыщыхэпщІам, зэрыхъукІэ сабийрэ щІалэгъуалэу спортым цыху нэхъыбэ кьешэлІэн зэрыхуейм.

ХьэщІэхэр щригъэжьэжьм, КІуэкІуэ Казбек Ласицкене Мариерэ Габрилян Геннадийрэ иджырэ зэ фІыщІэ яхуищІащ я хэку цІыкІумрэ абы щыпсэу цІыхуэхэмрэ гурэ псэкІэ зэрабгъэдэтым папщІэ икІи я спорт гъэсэгъанэм екъулІэныгъэщІэкІэр щызыІэрагъэхьэну екъуэхъуащ.

Иджыри зы псы къыщІэшыпІэ

Бахъсэн щауху псы къыщІэшыпІэ зэрыыгъым ирахьэлІэ лэжьыгъэхэр зригъэлъэгъуащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗИ ГУГЪУ тщІы проектыр УФ-м и Правительствэм ди республикэм хуэхэуэ кьрита инфраструктурэмкІэ бюджет кредитымкІэ зэфІагъэкІыну Іэмал ягъуэтащ.

Проектым ипкъ иткІэ зы жащ-махуэм псы кубометр мин 40 зыгъэжьабзэ Іэмэпсымэхэр ягъэувынущ, километр 70 я кІыхьагъыу бжьамийхэр щІалъхьэнущ, ахэр зыпхыкІ кьуажэхэм псы кьабзэ игъэпльэдапІэхэр дагъэувэнущ. Нобэрей Іуэхукіэ бжьамийхэр километр 18-кІэ кІуэцІрашакІэщ.

Бахъсэн псы къыщІэшыпІэ зэрыыгъыр яутІыпщмэ, цыху мини 100-м щІигъуэ зы щІыпІэм кьикІыу псы кьабзэ яІэрыхьэнущ.

Гидроэлектростанц цІыкІу яухуэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Бахъсэн Ипщэ ГЭС цІыкІу щаухуэну загъэхьэзыр.

ЩЫНАЛЪЭХЭР къыщызэкиІухьым, КІуэкІуэ Казбек зригъэлъэгъуащ зэман дэкІмэ, МВт 24,5-рэ и кьарууэ яухуэну я мурад Бахъсэн Ипщэ ГЭС цІыкІум хухаха щІыпІэр. Гидроэлектростанцыр Іуащхьэмахуэ районым хыхьэ Адыр-Су псыежэхым, Бахъсэн Ипщэ кьуажэм пэмыжьжьэу яухуэнущ.

Зи гугъу тщІы проектыр «РусГидро» Іуэхущ1апІэм электрокъарухэр къыщыщІащ Іуэхущ1апІэхэр зэгъэпэщыжьнымкІэ ДПМ ВИЭ-2 программэм ипкъ иткІэ зэфІагъэкІыну араща. Абы халъхьэну инвестицэхэр сом меларди 7,5-м нэблагъэнущ. Дыззрыт зэманым проектыр пхагъакІ «РусГидро» Іуэхущ1апІэм и къэрал къэпщытэныгъэм.

Бахъсэн Ипщэ ГЭС-р Іуащхьэмахуэ районым япэ гидроэлектростанцу иращІыхь, икІи кьыбгъэдэкІынущ щІыуэпсым зэран хуэмьихъу кВтІч мелуан 90-м хэ электрокъару. Абы и фІыгъэкІэ районри турист, промышленнэ Іуэхущ1апІэхэри электрокъарукІэ къызэрэпэща хъунущ.

Ди къарур зэкъуэтыныгъэращ!

Налшык къалэм и Киноконцерт гъэлъэгъуапІэм и гупэм деж фокІадэм и 3-м пэкІу щекІуэкІащ Терроризмэм ебэныныкмкІэ щызэкъуэувэ махуэм теухуауэ.

УРЫСЕЙМ а махуэр 2005 гъэм щагъэуащ, илъэс и пэ кьихуэу, фокІадэм и 1 - 3-хэм Беслъэн къалэм и курыт еджапІэ №1-м кьыщыхъуауэ щыта гъэзэгъэгъэм икІи иткІэ. Абы щыгъуэм хэкІуэдат цІыху 34-рэ, нэхъыбэр - сабийуэ. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунырщ къэралыр мы зэманым сыт и лъэныкъуэкІи зи ужь итыр.

Утыкум щызэхуэсат КЪБР-м и Правительствэм и ЛыкІуэхэр, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, дин, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэ зэгучьэныгъэхэм хэтхэр, студентхэр. Лъэпкъ зыщыщи дин яІыгъи емыльытауэ, нэхъыжьи нэхъыщІэри а махуэм щІызэхьхьэр зэрызэкъуэтыр, терроризм щыІэну зэрыхуэмейр, апхуэдэ Іуэху мыхъумыщІэхэм пэщІэту иджыпсту екІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэт ди лІыхъужьхэр зэрыдаІыгъыр жаІэнрат.

Зэхуэсым кърихьэлІахэм захуигъэзащ КЪБР-м ис мусульманэхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Дзасэжь Хьэзрэталий**: «Нобэ дигу къыдогъэкІыж Беслъэн къалэм къыщыхьуауэ щыта гузэвэгъуэр. А махуэ шынагъуэхэм сабийхэри нэхъыжьхэри щІэпхъаджащІэхэм гущІэгъуныщу яубыдат. ЗэрытщІэщи, цІыху 300-м щІигъу абы хэкІуэдащ. Терроризмэр цІыху гъэкІуэдщ. Ислъам диным хуит ищІыркъым цІыху укІныр, ар нэхъ гуэныхьышхуэхэм ящыщщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди республикэми цІыху куэд щыхэкІуэдащ терроризмэм и зэрранкІэ. Нобэ дин лэжьакІуэхэм жыдоІэ: «ЩІремыІэ терроризм!» Альхьышхуэм долъэІу къэкІуэнум апхуэдэ къэмыхьуну», - жиІащ къэпсалъэм.

Налшык къалэмрэ абы кьедза жылэхэмрэ щыІэ чыристан члисэхэм я дин гъуэзэ **Бобылёв Валентин** къыхигъэщащ Беслъэн курыт школым теуауэ щыта щІэпхъаджащІэхэм яІэщІэкІуэда сабийхэм, адэ-анэхэм, ахэр яхьумэу хэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъым пщІэ хуащІу, республикэм и щыхьэрым илъэс 20 хъуауэ гъэ хэсщ ЦІыхуэшхуэ зэрыщыізэхьхьэр. «Лажьэ ямыІэу зэкІуэдахэм дакъикъэкІэ дащыхуэщыгъуэкІэ, ди гум ину къоІукІ «Нэпс щремыІэ!» псалъэхэр. ДыкъэзыгъэщІам дыкъызыхуриджэр лъагъуныгъэрщ, дахагъэ щІэнырщ. Абы тету дыпсэун хуейщ», - жиІащ Бобылёвым.

Кьызэхуэсахэр дакъикъэкІэ щыму щытащ, хэкІуэдахэм я фэеплъу.

- Нобэ Терроризмэм ебэныныкмкІэ щызэкъуэувэ махуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Беслъэн къалэм къыщыхьуа гузэвэгъуэм хуэдэхэр зэралым нэгъуэщІ и щІыналъэхэми щыІащ. ХэкІуэдахэр дигу идгъэхуркъым, я фэеплъым сыт щыгъуи пщІэ хуэтщІынущ, - жиІащ СВО-м и ветеранхэм я щІыналъэ жылагъуэ зэгучьэныгъэм и унафэщІ **Мэзло Заурбэч**. - ФІыщІэ хуэдощІ мыпхуэдэ Іуэхухэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ къулыкъу езыхьэкІхэм. Ди фІэщ мэхъу, Урысейм ис лъэпкъхэр псори дызэкъуэувэмэ, террорым дызэрыпэлъэщыфынур. Ди къарур зэкъуэтыныгъэращ!

- Беслъэн къалэм къыщыхъуа гузэвэгъуэр, Будённовск щалэжьа терактыр, Дубровкэм театр центрыр яубыдауэ зэрыщытар, Налшык 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къэхъуар, нэгъуэщІ апхуэдэ Іуэхугъуэхэри, шэч хэмылъу, Урысейм и тхыдэм иджыри мыкІыжа уІэгъэ тельщ икІи тщыгъупщакъым. Лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым щыпсэуэр дызэкъуэтын хуейщ терроризмэм дебэнын папщІэ. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр зэи къэмыхъужьыным ди къару псори етхьэлІапхъэщ. ФІыщІэ яхудощ мы зэманым Украинэм щрагъэкІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэт ди щІалэ хахуэхэм. Сыт щыгъуи жыдоІэ гъащІэ узынщэм и лъабжьэр лъэпкъ, щэнхабзэ лъапІэныгъэхэм къызэрыщежьэр. Ахэрщ щІэпхъаджагъэхэм дрипэщІэту тегъэщІапІэ тщІын хуейри, - жиІащ урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкІэ «Вече» жылагъуэ зэгучьэныгъэм и унафэщІ **Литвинов Роман**.

КЪБР-м и ЦІыхубзхэм я зэгучьэныгъэм хэт, МВД-м и ветеран **ЗэкІурей Людмилэ** и псалъэм къыхигъэщащ цІыхубэр терроризм, экстремизм Іуэхухэм пэІэщІэ щІын зэрыхуейр. «Нобэр къыздэсым къыддэгъуэгурыкІуа хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ дыкъытекІа нэужь, пщІэ, нэмыс жыхуаІэхэм я мыхьэнэр мэкІуэд. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щІэпхъаджащІэхэм сабии, цІыхубзи, нэхъыжьи зыри зэкагъэкІыркъым. ЩІэныгъэ, гъэсэныгъэ зыхэлъ цІыхурщ пэщІэуэвэфынур мы Іуэхугъуэм».

Пэкіум къыщыпсэлъащ КЪБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІ **Бейтуганов Исмэхьил**, КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Афэщагъуэ Анзор** сыми. ЩІалэгъуалэм къыхагъащІащ республикэм мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ щыІэным иригъэвэу цІыхухэр зэрызэхуэсам мыхьэнэщхуэ иІэу къызэралытэр.

Пэкіум уэрэд гукъинэхэр щагъэзэщІащ КЪБР-м и цІыхубэ артист Текуев Амур, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и уэрэджьакІуэ Жэнэтей Марьям, КЪБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджьакІуэ Жабоевэ Замирэ, Налшык къалэм Гъуазджэхэмкіэ и сабий школым и гъэсэн Токъу Динарэ, Иуан Каринэ сымэ.

Пэкіум хэта щІалэгъуалэм шар хужь 334-рэ (Беслъэн къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэм хэкІуэда цІыху бжьыгъэм хуэдиз) ягъэлъэташ, гуГъэм и дамыгъэ. Мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ республикэм щыхъумэныр гураща быдэу пэкіум хэтахэр зэбгрыкІыжащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Махуэшхуэ зэхыхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм, ЩІэныгъэхэм я махуэхэм теухуа Іуэху гуапэ щекІуэкІащ Урысей МВД-м и Краснодар университетым и къудамэу Налшык къалэм дэт Кавказ Ищхъэрэ институтым.

МАХУЭШХУЭ зэхыхьэм хэтащ къэралкІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру КЪБ-м щыІэ, полицэм и генерал-майор **Крючков Вячеслав**, абы и къуэдзэ, полицэм и полковник **Бахъуэ Аслъэн**, КЪБ-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь **Тату Къазбэч**.

Крючков Вячеслав институтым и лэжьакІуэхэм, ветеранхэм екъуэхъуащ игъэлъапІэ махуэшхуэмкІэ. ЖиІащ институтыр къэзыуха куэдым пщІэрэ щІыхьрэ яІэу, КЪБ-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я кьалэныр зэрыщагъэзащІэр. Ар я фІыщІэщ еджапІэм и егъэджакІуэхэм, кьыхаха Іэщіагъэм хэпэжьным, зэманым кьиІгъувхэм хэфэщэным хуэпабгъэныр щІэблэм яхэзыльхьэхэм.

Институтым и унафэщІ, полицэм и полковник **Щхьэгъэпсо Заурбий** я лэжьакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ екъуэхъури, Крючков Вячеслав игъусэу, зи чэзу зеиныкъэр, щІыхь тхыльхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ яритащ.

Кьызэхуэсахэм, илъэс 20 ипэкІэ Беслъэн кьыщыхъуам хэкІуэдахэм я фэ-еплъым пщІэ хуащІу дакъикьэкІэ щымри, институтым и лэжьакІуэхэу, ар кьэзыухахэу я кьалэн игъэзащІэу хэкІуэдахэм я фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтІыльащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● КЪБР-м и Прокуратурэм къет

Террорым пэщІэтыныкІэ комиссэм

Шэджэм районым и прокурорым и дэпэлыкъуэгъу Унэлгокъуэ Мурат хэтащ Террорым пэщІэтыныкІэ комиссэм къуажэхэм я Іэтащхьэхэр, щІыналъэ хабзэхъумэ органхэм, МЧС-м я лІыкІуэхэр хэту иригъэкІуэкІа зэІущІэм.

АБы щытепсэлъыхьащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщІэтыным, залымыгъэм пыщІа идеологиехэр щІалэгъуалэм я деж щыхэпщэныр хъэмыгъэхъуным, апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэм пыщІауэ тезырыр езыхьэкІахэу хуит кьащІыжакэр гъащІэм хэгъэзэгъэныным ежьэлІахэм.

Гульытэ хэха хуащІащ еджапІэхэр террорым щыхъуэмыкІ, цІыху куэд щыІэхуэс щІыпІэхэм Іуэхуэр щыщрагъэжьуэкІыжа законымрэ хабзэмрэ кьыщыІэсгъэпэщынымк. Зэпхуэ щІыщыхагъэщащ терроризмэм пыщІа щынагъуэкэр зэрыщыІэм щыхьэкІыу властым и органэр, хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ жылагъуэмрэ зэгъэуІауэ зэдэлэжьэныр егъэфІэкІуэн зэрыхуэйр.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпыщІэныгъэр ирагъэфІакІуэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ щыІащ Монголием. А зекІуэр хуэгъэпсауэ щытащ совет-монгол зауэлІхэм Халхин-Гол деж Японием и дзэр ирагъэкІуэту текІуэныгъэр къызэрыщыхьрэ илъэс 85-рэ зэрырикъум. Абы къыдэкІуэу, хэку унафэщІэхр тепсэлъыхьащ къэралитым яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм.

МОСКВАРЭ Улан-Баторрэ адэкІэ унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэм зэрыщызэдэлэжьэнымрэ теухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэращІылІащ, ЛІышъхьэхэр тепсэлъыхьащ къэралитым я дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ энергетикэ Іуэхуми. Урысейм Монголиер кьызэригъэпэщынуцу щІыдагъэ гъэсыныпхъэхэмкІэ.

«Экономикэмрэ политикэ Іуэхуэмкіэ лъэныкъуитІыр жыджэру дыз эдолажьэ, иджыри къыхэзгъэщыну сыхуейт егъэджэныгъэ Іэнатіэм щыдиІэ зэпыщІэныгъэхэри зэрефІакІуэр, - жиІащ Путин Владимир. - Ди зэхуэщытыкІэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зэредгъэфІэкІуэным адэкІи дыхущІэкъуунущ».

Сату Іуэхуэмкіи къэралитІым зэфІэкІ хъарзынэхэр кьагъэлъагъуэ. 2024 гъэм и япэ мазиблым хьэпшыпу зэрагъэкІуэкІащ доллар мелард 1,4-м щигъу и уасэ. Урысейм Монголием хуриГъашэ хьэпшыпхэм процент 22,1-кІэ хэхъащ.

БРИКС-м хыхьэнущ

«Bloomberg» агентствэм къызэриТамкІэ, Тыркур БРИКС-м хыхьэну лъэІу итащ, ауэ а къэралым и кьулыкъущІэхэм абы теухуауэ хьыбар гуэри кьагъэІуакъым.

КъызэрагъэлъэгъуамкІэ, апхуэдэ щІыкІэкІэ Тыркум и лъабжьэр дунейпсо утыкум щигъэбыдэну хущІэкъуу аращ, апхуэдэуи къэралзыужьхэм Іуэхущ1эгъу яхуэхьуну и мурадщ. Республикэр Евросоюзым хьыхьэну илъэс куэд льандэрэ иужь итщ, ауэ ар и пІэ икІырккым, къызэралъытэмкІи, БРИКС-м и гупэр щІыхуигъэзам и щхьэусыгъуэр аращ. Аналитикэм жаІэм тепщІыхьмэ, ЕС-м Іуэхур кІыхьлІыхь щІищІыр Тыркымрэ Урысеймрэ я зэхущытыкІэрщ, НАТО-м хэт языныкъуэ къэралхэр абыкІэ зэрымыарэзырщ.

Тыркум хэхапэкІэ къыхихгъэщауэ щытащ БРИКС-м хыхьэн мурад зэриІэр. Бадзэуэгъуэ мазэм и пэщІэдзэм республикэм хамэ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Фидан Хакан жиІат мы илъэсым къриубыдэу апхуэдэ лъэбакъуэ зэрачнур.

Фокіадэм и 5, *махуэку*

♦ **Псапэ щІэным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутІыпщащ

♦ **1895 гъэм** кьалъхуащ усакІуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджыІакІуэ, КЪБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къажэр Индрис**.

♦ **1933 гъэм** кьалъхуащ УФ-ми КЪБР-ми щІыхь зиІэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакІуэ **Къущхьэ Мухьэжид**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриТамкІэ, республикэм уэшх къыщІешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жащым градус 16 щІыхьынущ.

Фокіадэм и 6, *мэрем*

♦ **1939 гъэм** Налшык шыгъэжапІэ къыщыщІэуахащ.

♦ **1942 гъэм** ВЛКСМ-м и обкомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэр кьыхуриджащ нэмыщэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм яльэкІ псомкІи япэщІэуэвэну.

♦ **2001 гъэм** Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьэкІуащ.

♦ **1950 гъэм** кьалъхуащ КЪБР-м щІэныгъэ Іуэхуэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щэрдан Анатолэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриТамкІэ зэритымкІэ республикэм пшэр техьэ-текІуэу щІыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градус 15 щІыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **щхьэщэмыщІ Иззщ.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

ФІы зыхуэпщІэм иумыхъуэныж.

2024 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ

«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и программэ

Щыналъэм и экономикэр

Къэралыр щытыкІэ гугъу къыщихута лъэхъэнэм урысей экономикэм лъабжьэ быдэ зэриІэр наІуэ кьэхуащ. «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» партым и Іуэхущ1афэр хуэгъэзащ экономикэр егъэфІэкІуэнымрэ промышленностым зегъэужьынымрэ. Республикэм и Іуэхущ1апІэ зыбжанэм къэралым и промышленнэ Іэнатіэм увыпІэ пэрытхэр щаІыгъщ. Абыхэм къыщыщІагъэкІ щІэупщІэ зиІэ продукцэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Іэмэпсымэ зэмуэмыдджэр, светофорхэр, промышленность псынщІэм къыщІигъэкІ продукцэр, медицинэ техникэр, ухуэныгъэм, къэралым и зыхъумэжьныгъэ-промышленнэ комплексым папщІэ къхэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр.

УФ-м и Президентым Урысейм и Правительствэм хуищІа пщэрылъым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэзащІэ «Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхьпІэр зэтегъэувэжьын» проектыр. Ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и металлургие кластерыр гъэзэщІэнымкІэ проект нэхъыщхьэщ. Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым мы проектыр къыльатащ КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм я социально-экономикэ щытыкІэм зиужьынымкІэ Іуэху щхьэпэу. Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхьпІэр зэтеублажьыным хуэгъэпса проектым и етІуанэ Іыхьэр гъэзэщІэным кІэ лэжьыгъэр йокІуэкІ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и инфраструктурэм зэгъэужьыным, хьэрычэтыщІэ Іуэху щІыкІэмрэ курытымрэ дэІыгъыным ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьыщыізІуахащ бизнес-инкубаторэр. Ахэр сэбэп мэхъу хьэрычэтыщІэ Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ зезыГъакІуэхэр щылажьэн Іуэхущ1апІэхэр худэчыс яІэу бэджэнду кьащІэныкмкІ. Кьалэн нэхъыщхьэр щІыналъэм кьыщыщІагъакІ продукцэм къыт хэхуэр нэхъыбэ щІыныр, инвестицэм зегъэубгъуныр, промышленнэ производствэм зиужьынымкІэ щытыкІэр къызэгъэпэщынырщ, хьэрычэтыщІэ Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ адэкІи дэІыгъыныр щ.

Лэжьыгъэ къытпэщытым и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ бжыгъэрыльанэ Іэнатіэм зегъэужьыныр. Мы зэманым ирихьэлІэу республикэм къыщызэрагъэпэща бжыгъэрыльанэ зэпыщІэныгъэм къызэгъэлъэубыдэ жылагъуэ 100-м щІигъу. ПсынщІэу лажьэ интернеткІэ къызэгъэпэщащ социальнэ Іэнатіэ псори. Туризмэм хуэхуа щІыналъэ щхьэхуэхэр бжыгъэрыльанэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ къызэгъэпэщыным хуэунэтІа проектыр яГъэщІэ.

ПсэукІэ зэпэщ, Іэнатіэ тэмэм, улахуэ хъарзынэ здэщыІапхъэр, сабийхэм къкІуэну дахэ къащыпхъэгъэпэщынур кьалащьхэмрэ кьалэщхуэхэмрэ я закъуэкъым, апхуэдэ Іэмалыр республикэм и жылэ псомкІи яІэн хуейщ. «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» фракцэм и депутатхэм кьэгъащІыщ жылэхэм щыпсэу Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр, кьуажэхэм къыщызэрагъэпэща бжьрычэтыщІэ Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ я лІыкІуэхэр дэІыгъыным хуэунэтІа программэ зэкъэгъэувэныр.

Турист Іуэхум зегъэужьыныкІэ ди щІыналъэм зэфІэкІ хъарзынэхэр иІэщ. ТуризмэмкІэ инвестицэ проект инхэр гъэзэщІа хъунымкІэ, «Эльбрус» курортыр турист, инженер инфраструктурэхэмкІэ къызэрэзэпэщынымкІэ Іуэхугъуэ пыухыкІаэхэр ирагъэкІуэкІ. Щ1ыналъэм и мурадщ и гугъуагъкІэ лІэужьыгъуэ зыбжанэу зэщІэхьэщІыкІуэ лъэрыкъуэхэмкІэ къыщджьыхьну Іуэхугъуэхэр яхуэну.

Партыр сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуГъу хъунущ санаторэ-курорт Іэнатіэхэр зэгъэужьыщынымкІэ, дзэ хуэунэтІа программэхэр зэхэлъхьэнымкІэ, ахэр гъэзэщІа хъунымкІэ, апхуэдэуи а Іуэхум хуэгъэпса къэрал программэхэм я проектхэр хагъэхьэнымкІэ.

Къуажэм и зыужьныгъэр

Агропромышленнэ комплексым, кьуажэхэм, абыхэм щыпсэу цІыхуэхэм ди партым гупэныпэ зэхъэщхьэ яхуещІ. Кьалэхэм хуэдэу, кьуажэхэми цІыхуэхэм псэупІэ тынш кьащІыхуэгъэзэпэщынхэр хуейщ. Жылагъуэм я хэхъуэр нэхъыбэ щІыным, мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыІэ иткІэ республикэм и Іуэху цІыкІур дэІыгъыным хущІэкъупхъэщ.

Иужьрей илъэситхум Къэбэрдей-Балъкъэрым и куажэхэм зегъэужьным сом мелард 1,55-рэ хуаутІыпщащ. Іуащхьэмахуэ районым цІыхуэр псыкІэ къызэгъэпэщынымкІэ щІыІэ уухунэгъэпІыр кьагъэщІэрэщІэжащ. Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр зэкІуалІэ Іуэхущ1апІэм, спорт школым, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творческэ зыужьынигъэмкІэ центрым зэгъэпэщыжьынигъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ. ИужьреитІым кьыщрахьэжьа Іуэхуэр ильэситІым тещІыхьауэ щытщ, 2025 гъэм хьэзыр хьуну аращ. Апхуэдэу Бахъсэн, Аруан районхэм щыІэ кьуажэхэм ящыщу тІум я автомобиль гъэзгуэр кьагъэщІэрэщІэж.

«Кьуажэхэм зэпІэзэрыту зегъэужьынымрэ программэм и Іыхьэ щхьэхуэхэм текІуэдэну мылъкум хагъэхьауащ. Партым и цІыхубэ программэм кьагъэуцІа кьуажэхэм инвесторхэр кьеІэзІэнымрэ, хъарычэтыщІэ Іуэхуэм зыщегъэужьынымрэ, мэкъумэш лэжьакІуэхэр дэІыгъынымрэ. Кьуажэхэм зегъэужьын Іуэхум ипкъ иткІэ, партым и жэрдэмкІэ проект зыбжанэ ягъэзащІэ, псалъэм папщІэ, абы щыщщ пощт кьудамэхэр щылажьэ унэхэр зэгъэпэщыжьныр, уэ лъапсэхэм гъэ бжьамийхэр ешэлІэныр. КьищынэмыщІауэ, мэкъумэш хозяйствэ нэхъри ефІэкІуэн папщІэ мелиорацэм зегъэужьынымкІэ программэр Іэмал имыІэу гъэзэщІапхъэщ. Апхуэдэу кьуажэхэм щылажьэну Іэщ1агъэлІ зэхуэмыдэхэр нэхъ жыджэру кьешэлІэн хуейщ, абы и лъэныкъуэкІэ «Кьуажэ дохутыр», «Кьуажэ егъэджакІуэ» программэхэри къэзгъэсэбэнэр.

Щэнхабзэ, тхыдэ фэеплъ, псэкупсэ

Дэ тхыдэ-щэнхабзэ зэфІэкІышхуэ дбгъэдэлъщ, щэнхабзэ щІэныр, лъэпкъ лъапІэныгъэхэр, анэдэлъхубзэр хъумэным мыхьэнэшхуэ иІащ. Абы и лъэныкъуэкІэ щэнхабзэ Іуэхущ1апхъэм, лъэпкъ Іэпщ1элъэпащ1агъэр, музейхэр, библиотекэхэр дзэпІэныр хуейщ. Анэдэлъхубзэхэм, щэнхабзэхэм, хабзэхэм зегъэужьыным- кІэ партыр сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуэгъу хъунущ.

Партым жьыдзэру егъэзащІэ «Си Хэку цІыкІум и щэнхабзэ» проектыр, абы ипкъ иткІэ республикэм и кьуажэ клубхэм я процент 70-р зэгъэпэщыжьныгъэ программэм хэхуащ. Иужьрей илъэситхум я мыхьэнэм хэгъэхъуэн;

КЪБР-м и цІыхуэхэм я гукъеуэхэр ящхьэщыхьын Іуэхукіэ къащтапхъэ хабзэщІэхэм епха жэрдэмхэр къэрал унафэщІхэм ябгъэдэлъхьэн, псалъэм папщІэ:

- пенсэ кІуэгъуэм халъхьа зэхъуэкІныгъэхэр щхьэщыхьжауэ, ар цІыхубэхэм я дежкІэ илъэс 55-м, цІыхуэхуэм я дежкІэ илъэс 60-м хуэгъэкІуэнын;

- хэхъуэщхуэ зимыІэ цІыхуэхэм налогэр ящхьэщыхьын;

- енергэзэныгъэмрэ медицинэмрэ халъхьа «оптимизацэр» Іухьжьн;

- щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ стратегие мыхьэнэ зиІэу промышленностым къыщІигъэкІ хьэпшыпхэмрэ цІыхубэ мылъкуу къэльытэн, спирт зыхэт ерыскьыхэкІхэр къэралым ейуэ гъэувын;

- стипендиехэр МРОТ-м хуэдиз щІын, щІэныгъэ хэзыщІыхь щрат еджапІэхэмрэ колледжхэмрэ къэзыухуагъащІэхэр Іэнатіэ яГъэувынымрэ дэчыхыныгъэ хэлъу псэупІэ иратыныгъэ пхыызгъэкІ хабзэ кьыдэгъэкІын.

Республикэм и цІыхубэм КПРФ-м и лъэныкъуэр кьыхихрэ КЪБР-м и Парламентым абыхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щыхъумэ, КПРФ-м и фракцэм хэтхэм мыпхуэдэ кьалэнхэр зыщащІыхь:

- кьуплікъущІэхэмрэ муниципалитетхэм я Іэщ1агъэлІхэмрэ зэІуущІэхэм кьрагъэблагъэуРэ, езыхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм хэжаклуэхэр зэпІуу имыІэу щыгъуазэ ящІыну;

- республикэм и цІыхубэмрэ хъащхьэщыжьын зимыІэхэмрэ я Іуэхур нэхъыкІэ зыщІ хабзэхэм щхьэкІэ Іэ яІэтынукъым;

Дэ дыхьэзырщ фи Іуэху дэдгъэкІыным дыхущІэкъуну!

УФ-м и Коммунист партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и хэхъыныгъэ программэм щыщщ

Къалэ ухуэным, **зэхэзекІуапІэхэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм я лэжьыгъэмрэ егъэфІэкІуэным теухуауэ**:

- республикэм и кьуажэ псоми зэпІуу имыІэу псы яІэрыхьэу щІын;

- зэхэзекІуапІэхэр зыхуей хуэзыгъаззэхэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и унафэр зыгъэзащІэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я лэжьыгъэхэм депутатхэр кІэлъыплъу хабзэ гъэувын;

- псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхущ1апІэхэмрэ КЪБР-м унафэ щызезыхьэ компаниехэмрэ ягъэув уасэхэм унафэ зыІэщІэлъэхэр нэхъ ткІийуэ кІэлъыгъэплъын;

- пхъэнжьІийр Іуэхын Іуэхур кьалэн ткІийм хуэгъэкІуэн, кІэрьхубжьэрыхуэм елэжь Іуэхущ1апІэхэр гъэлэжьэн;

- зэхэзекІуапІэхэр зыхуей хуэгъэзэн Іуэхур убгъуауэ егъэкІуэкІын: щхьэантІагъэхэр хэсэн, зыгъэпсэхупІэхэм, спорт, сабий джэгупІэхэм зегъэубгъун, уэздыгъэхэр уэрамхэм тегъуэвэн, уэ псоми машинэ гъэувыпІэхэр ярикъуу хухагъэкІыным кІэлъыплъын;

Щэнхабзэм, спортым, туризмэм щыхущІэкъун:

- республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, ижькІэрэ кьадекІуэкІ лъапІэныгъэхэр хъумэн, анэдэлъхубзэхэм зегъэужьын, я мыхьэнэр къэІэтын;

- республикэм щыпсэухэм я псэупІэхэм пэгъунэгъуу бассейнхэр, спорт уху1эныгъэхэр, сабий джэгупІэхэр, щэнхабзэ нэгузегъэужьыпІэхэр къызэгъэпэщын;

- республикэм и санаторэ-зыгъэпсэхупІэ псори къэІэтыжьын, цІыхуэхэм абы зыщагъэпсэхуну Іамал етын;

- республикэм кьакІуэ хьэщІэхэмрэ туристхэмрэ зыхуей хуэзэн хуэдэу лэжьыгъэр кьызэгъэпэщын;

ЩІалэгъуалэ политикэм теухуауэ хущІэкъун:

- гукъэкІрэ хэлъэтрэ зиІэ щІалэгъуалэ зэчиифІэр республикэм и кьэкІуэну махуэм телажьэу зыкъеІытауэ, сыт и лъэныкъуэкІи защІэгъэкъуэн;

- республикэм и Іуэхущ1апІэхэм щІалэгъуалэм папщІэ яІэ Іэнатіэхэр квотэхэм етын;

- школакІуэхэмрэ студентхэмрэ республикэм и транспортымкІэ пщІэншэу зекІуэну хуит зыщІ хабзэ къыдэгъэкІын;

- унагъуэщІэхэмрэ сабий куэд зэрысхэмрэ къэралым нэхъ защІигъакъуэу щын;

- щІалэгъуалэр хэкупсэу, граждан гупсысэкІэ яІэу, адрей лъэпкъхэм щыщхэм ядекІуэкІын зэрыхуейр кьагурыІуэу къэтэджьным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр къэІэтын;

- сабий-ныбжьыщІэ спортым зегъэужьын, щІалэгъуалэм творчествэм зратыну Іэмал етын;

Республикэм и цІыхубэ-политикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ хущІэкъун:

- республикэм и цІыхубэ-политикэ щытыкІэр езыгъэфІэкІуэну хабзэхэр къыдэгъэкІын, лъэпкъ зэмыщхьэхэм я зэхуэдэу зогурыІуэмэ зэныбжьэгъуфэмрэ щыщІегъуфэгъуэ;

- КЪБР-м щыІэ цІыхубэ-политикэ зэхэтыкІэр ефІэкІуэн папщІэ, республикэм и унафэщІхэм, политикэ партхэмрэ цІыхубэ зегъэужьынигъэхэмрэ ядалэжьын;

- лъэпкъ зэхэгъэжьын, лъэпкъ щхьэхуэм гъэжь хуэщІынын, дин-политикэ зэхэгъэщхьэхуэкІыныкъэ экстремизмэмрэ ткІийуэ я апщІэтын;

- щІыпІэ самоуправленэхэм я унафэщІхэр Іэлэткіэ хахыу хабзэ къэублэжьын, абыхэм къэрым и кьуажэхэм зегъэужьным сом мелард 1,55-рэ хуаутІыпщащ. Іуащхьэмахуэ районым цІыхуэр псыкІэ къызэгъэпэщынымкІэ щІыІэ уухунэгъэпІыр кьагъэщІэрэщІэж, зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр зэкІуалІэ Іуэхущ1апІэм, спорт школым, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творческэ зыужьынигъэмкІэ центрым зэгъэпэщыжьынигъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ. Иужьреитім кьыщрахьэжьа Іуэхуэр ильэситым тещІыхьауэ щытщ, 2025 гъэм хьэзыр хьуну аращ. Апхуэдэу Бахъсэн, Аруан районхэм щыІэ кьуажэхэм ящыщу тІум я автомобиль гъэзгуэр кьагъэщІэрэщІэж.

«Кьуажэхэм зэпІэзэрыту зегъэужьынымрэ программэм и Іыхьэ щхьэхуэхэм текІуэдэну мылъкум хагъэхьауащ. Партым и цІыхубэ программэм кьагъэуцІа кьуажэхэм инвесторхэр кьеІэзІэнымрэ, хъарычэтыщІэ Іуэхуэм зыщегъэужьынымрэ, мэкъумэш лэжьакІуэхэр дэІыгъынымрэ. Кьуажэхэм зегъэужьын Іуэхум ипкъ иткІэ, партым и жэрдэмкІэ проект зыбжанэ ягъэзащІэ, псалъэм папщІэ, абы щыщщ пощт кьудамэхэр щылажьэ унэхэр зэгъэпэщыжьныр, уэ лъапсэхэм гъэ бжьамийхэр ешэлІэныр. КьищынэмыщІауэ, мэкъумэш хозяйствэ нэхъри ефІэкІуэн папщІэ мелиорацэм зегъэужьынымкІэ программэр Іэмал имыІэу гъэзэщІапхъэщ. Апхуэдэу кьуажэхэм щылажьэну Іэщ1агъэлІ зэхуэмыдэхэр нэхъ жыджэру кьешэлІэн хуейщ, абы и лъэныкъуэкІэ «Кьуажэ дохутыр», «Кьуажэ егъэджакІуэ» программэхэри къэзгъэсэбэнэр.

Щэнхабзэ, тхыдэ фэеплъ, псэкупсэ

Дэ тхыдэ-щэнхабзэ зэфІэкІышхуэ дбгъэдэлъщ, щэнхабзэ щІэныр, лъэпкъ лъапІэныгъэхэр, анэдэлъхубзэр хъумэным мыхьэнэшхуэ иІащ. Абы и лъэныкъуэкІэ щэнхабзэ Іуэхущ1апхъэм, лъэпкъ Іэпщ1элъэпащ1агъэр, музейхэр, библиотекэхэр дзэпІэныр хуейщ. Анэдэлъхубзэхэм, щэнхабзэхэм, хабзэхэм зегъэужьыным- кІэ партыр сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуэгъу хъунущ.

Партым жьыдзэру егъэзащІэ «Си Хэку цІыкІум и щэнхабзэ» проектыр, абы ипкъ иткІэ республикэм и кьуажэ клубхэм я процент 70-р зэгъэпэщыжьныгъэ программэм хэхуащ. Иужьрей илъэситхум я мыхьэнэм хэгъэхъуэн;

КЪБР-м и цІыхуэхэм я гукъеуэхэр ящхьэщыхьын Іуэхукіэ къащтапхъэ хабзэщІэхэм епха жэрдэмхэр къэрал унафэщІхэм ябгъэдэлъхьэн, псалъэм папщІэ:

- пенсэ кІуэгъуэм халъхьа зэхъуэкІныгъэхэр щхьэщыхьжауэ, ар цІыхубэхэм я дежкІэ илъэс 55-м, цІыхуэхуэм я дежкІэ илъэс 60-м хуэгъэкІуэнын;

- хэхъуэщхуэ зимыІэ цІыхуэхэм налогэр ящхьэщыхьын;

- енергэзэныгъэмрэ медицинэмрэ халъхьа «оптимизацэр» Іухьжьн;

- щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ стратегие мыхьэнэ зиІэу промышленностым къыщІигъэкІ хьэпшыпхэмрэ цІыхубэ мылъкуу къэльытэн, спирт зыхэт ерыскьыхэкІхэр къэралым ейуэ гъэувын;

- стипендиехэр МРОТ-м хуэдиз щІын, щІэныгъэ хэзыщІыхь щрат еджапІэхэмрэ колледжхэмрэ къэзыухуагъащІэхэр Іэнатіэ яГъэувынымрэ дэчыхыныгъэ хэлъу псэупІэ иратыныгъэ пхыызгъэкІ хабзэ кьыдэгъэкІын.

Республикэм и цІыхубэм КПРФ-м и лъэныкъуэр кьыхихрэ КЪБР-м и Парламентым абыхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щыхъумэ, КПРФ-м и фракцэм хэтхэм мыпхуэдэ кьалэнхэр зыщащІыхь:

- кьуплікъущІэхэмрэ муниципалитетхэм я Іэщ1агъэлІхэмрэ зэІуущІэхэм кьрагъэблагъэуРэ, езыхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм хэжаклуэхэр зэпІуу имыІэу щыгъуазэ ящІыну;

- республикэм и цІыхубэмрэ хъащхьэщыжьын зимыІэхэмрэ я Іуэхур нэхъыкІэ зыщІ хабзэхэм щхьэкІэ Іэ яІэтынукъым;

Дэ дыхьэзырщ фи Іуэху дэдгъэкІыным дыхущІэкъуну!

Хэхакіуэ зэгухьэныгъэу «Новые люди» политикэ партым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэр хэхыныгъэм зэрыхуэкІуэ программэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

Республикэм щекІуэкІыну парламент хэхыныгъэр мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ. Ар дэтхэнэ зыми ди къэкІуэнур нэхъыфІ зыщІыфын, зэхъуэкІыныгъэ щхьэпэхэр къыздихьыну дызыщыгугъ Іэмалщ. А Іэмалыр дэтхэнэ зыми фи Іэм Іэщ1ельщ!

ФокІадэм и 8-м Іэмал къызэрымыкІуэ фиІэнущ пэж дыдэу ди гъащІэр фІыкІэ зыхъуэжыну хьэзырхэр къыхэфхыну. Ди фІэщ мэхъу, Іуэхум напэ зиІэ цІыху пэжхэр яужь ихьэмэ, щытыкІэм зэрызихъуэжынур. Аращ Бабаев Зауррэ «Новые люди» партымрэ щхьэкІэ фи Іэр фІэтыну фыкъыщІыхуедджэр!

Бабаев Зауррэ партыщІэм хэт гупымрэ къыхэфхмэ, цІыхур къызыфІэІуэху унафэ зехьэкІэм мыхьэнэ щиІэ къэкІуэну махуэ къыхэфхыу аращ. Ди щІыналъэм щызекІуэ Іуэху зехьэкІэм зихъуэжьын папщІэ, дэтхэнэ зы макъми мыхьэнэ иІэщ. Фыкъакіуи, пэж дыдэу республикэм и къэкІуэнур къызыфІэІуэхуэр, дэтхэнэ зы цІыхуми и псэукІэр иригъэфІэкІуэныр зи мурадхэр къыхэфх.

ЩыщІэвгъакъуэ Бабаев Зауррэ «Новые люди» партымрэ, дэ зэгъуэсу дызыхэпсэцІыну дызыхуей цІыхубэ гъащІэ къытхуэзгъэпэщынущ.

Бабаев Зауррэ «Новые люди» партымрэ №1 нагъыщэм щыщІэтщ зэхыныгъэ бюллетенхэм.

Фи макъыр - фи къарущ, ар зэхевгъэхын Іэмалым фемылъэпауэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ «Новые люди» партым и къудамэм и цІыхубэ егъэблэгъапІэр

Мы хэщІапІэм дыщыфпоплъэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Захаровым и цІэр зезыхьэ уэрам, унэ №105 А.

УпщІэ псори мы пощтым евгъэхь хъунущ: 07@newpeople.ru

ИрагъэкІуэкІа пхъэндзэм ипкъ иткІэ, пщІэнэгу ты1ордзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахэм теухуауэ» 2008 гъэм щыщыкъуйм и 5-м къыдэкІа КЪБР-м и Закон №156-РЗ-м и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Гъуниб Iуащхьэм адыги метащ

1859 гъэм шыщхьэуIум и 9 - 25-хэм екIуэкIащ Кавказ зауэр и кIэм нэблагъэным щхьэусыгъуэ зауэзэрылIыр. Щамил Iммамым зыщIигъбыда Гъуниб Iуащхьэр урысыдэсэм къыщищта зауэзэрылIыр. Абы лъандэрэ илъэси 165-рэ дэкIащ.

ЗИ гугъу тщIы къэхъукъащIэр хэIущIыIу пэтми, мащIэ дыдэщ щыгуазэр ЩамилI и иужьрей зауэзэрылIым адыгэ напэкIуэцIи зэрыхэтым. Гъуниб деж щекIуэкIа зэпэщIэтыныгъэм тетхыьха тхыдэжхэм я Iэдакъэщ щIэIхэм «Щамил и кIэм нэс хуэпэжаизр» псалъащхьэм щIэту кърабжэкI цIыху зыбжанэм ящщ «1846 гъэ лъандэрэ Щамил гухьа адыгэ мухьэжырхэм я кIадыуэ щыта, Iехи шэшэн къуажэм щыпсэуа Шэрдэсий Ибрахьим-хьэжы». А цIэ дыдэм ущрохьэлIэ 1859 гъэм урысыдэзэм Гъуниб Iуащхьэр къыщIувыхьам «икIэм нэс Щамил бгъурытахэм» я сатырым. «1859 гъэм шыщхьэуIум и 25-м Щамил и гъуэсу Гъуниб Iуащхьэм гъэру зыщитащ», - итщ а лIым теухуауэ урыс дэфтэрхэм. НэгъуэщI зы тхыгъэми Щамилрэ Ибрахьим-хьэжымрэ я зэхуакъэ щIэрджэг Ибрэхьим-хьэжы».

Ибрэхьим-хьэжы а махуэм хэкIудауэ жаIэ щIэныгъэлIхэм. Ардыдэхэм я тхыгъэхэм кьыхощ «Щамил зитащ» псалъэхэр урыс генерал-хэм загъэщIагъуэу жаIэрабгъэ, пэжым зэрыпэжыжьэр. «Кавказым и тетым ухуэзэнщи къэбгъэзэжынщ», - кьыжраIэщ, зэпсалъэмэ, къаутIыпщIыжыну тхъэ къыхуаIуэри ирашэжат Iммамыр. Барятинскэм и лIыкIуэхэм пщы зэрауплэр, Iммамыр псэууэ зыIэрагъэхьэн папщIэ иджыри зэрауплэнур лIыкIуэхэм хъыбару къахьа нэужь къэхъуар псори зи нэкIэ зыльэгъуа икIи зытхыжа Щамил и малтхъэ Гъэзикъымыхъу Абдурахьмэн и тхыпIым итщ: «Iммамым къыбгъэдэкIыу (урысхэм хуагъэхьа тхыгъэм - Ч. М.) сэ мыпхуэдэу ирызагъэтхащ: «Кавказым и тет Барятинскэ джыназдым деж. Сэлам идох гъэгу захуэм тет псоми. Мэккэм кIуэ гъэгур сэрэ си гъэсхэмрэ хуит кьытхуэфIщмэ, мамырыгъэкIэ дызэгурорIуэ, хьэуэ жыфIэмэ - хьэуэ!» Тхыгъэр хьэзыр хъуа иужь, Абэзэхэм щыщ мухьэжыр Ибрэхьим-хьэжы мыпхуэдэу кьыхилъхьащ: «Уа Iммам! Тхыгъэм мыпхуэдэ псалъэхэр Iуащхьэмэ арат: «Сэшхуэхэр кьитхакIэщ, ди Iэхэри кIэзыщынукьым». Iммамым и унафэкIэ а псалъэхэр тхыгъэм хэзгъэувэжащ».

«Щамил Iммамыр хэкIуэдэху щхьэ мызуаурэ», - жызыIэ «блэкIа лъэхъэнэм и ахъыр-зэманхэм» Iуахум зэрыхамыщIыкIыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ щыхамыщIыкIри, хащIыкI зэрымыхъунри, Iуэхум и пэжыпIэр щIэхъумэныр бгырысхэр зэрагъэбэлэрыгъа политикэ Iэужьу зэрыщцытри нобэми зэрызэрамыгъэзэхуэфым укъеГъуэIэбжь. Ешыр зэрыхэкIуэдэнум зыхуиГъэхъэзыра дэнэ къэна, къэдзыхэнкIэ зыхуэгъазэ и кьуэхэр зэригъэгушхуа псалъэхэр нэгъунэ кьыщIэнащ Щамил. «ЦIыхур кьыззаралъхури зэрыпIэри зэщ. Сыт хуэдизрэ дыпсэуми, гуэв-щIэхами дыпIэжнуц. Дунеягъэм фи гупсысэхэр пывгъэкI, фи ахърэт гъэзмылэр хэмыщIын папщIэ», - яжриIэрт Щамил и бынхэмрэ и муридхэмрэ, лIэныгъэм щымыщIэн папщIэ ягуэр фIы яхуищу. Тхыгъэр кIыхьыуэ тфIэмыхъун щхьэкIэ нэмыбгъэсауэ къэдгъанэ мы хъыбарым гуэкъэж зиIэр щеджэфынущ Гъэзикъымыхъу Абдурахьмэн и «ГукъэкIыж-хэм я тхылъым».

Тхыдэ хъужащ нобэ дгу къэдгъэкIыж напэкIуэцIхэр. БлэкIар щIаджыжыр щапхъэрэ ущиещи, зэхэпхыу бгъэщIагъуэ хъыбарэр кьыхохуэ Щамил Гъунибыщхьэм щыжиIаэмрэ кьыщигъэжьауэхэмрэ ятеухуауэ. КьыззраГъуэтэжьмкIэ, Iммамыр Iуащхьэм щыдэкIуейм щыгъуэ, и мылькур гу зыбжанэкIэ яшэрт. Шыгуищым Iэщхэр ильт, хым - ахъшэхэр, дыщэр, дыжьынэр, шыгу пщыкIублкIэ тхылъхэр яшэрт. АрщхьэкIэ Гъуниб щыдэкIуеям, абыхэм ящыщу Щамил кьыIэщIэнар и Iэщэм и закъуэт. Адрей хьэпшынпсори фIадыгъуэт. ИужькIэ кьыщIэщыжащ а псори езым бий кьыхуэхьужа нэIиб гуэрым зэрызыIэщIилъхьар, кьыхурикъужын папщIэ. Арати, кьэхъуар кьыщыгурыIуэм, и гъусэхэр кьиплъыхьри, Щамил хьэрыпIызэкIэ усэ кьеджащ;

Афэ дженэм хуэзгъадэу кьуэшхэр сиIати,
Мис, бийуэ кьысспщIэувэжаи!
Шабзэшэм хуэзгъадэу псэм
щызгъэфIакъми

Иджы си гум зыкъыхаукIаи!

А зэманым псэуа сурэтыщIхэм я Iадакъэ кьыщIэкIауэ сурэт зыбжанэ щыIэщ Гъуниб зэрыщIыпм щекIуэкIар уи нэгу кьыщIигъэувэу. Мэзым жыгъу щIэтам нэхъ-рэ мынэхьыбзмэ, нэхъ мащIэтэкъым Гъуниб къэзыувыхьа пащтыхь сэлэтхэм я бжыгъэр. Iуащхьэм кьеплъыхьу ахэр кьиплъэгъуа нэужь, Щамил жиIар нобэми зэIэпах: «Ашильтэ щыщу цIыхубз 50 сиIамэ, сыту сехъуIат!» Абы кьриIуэ-кIэлар хэт ищIэн? Зи цIэ кьриIуа и анэщ кьуажэм щыщ цIыхубзэр зэрыхахуэр? Хьэмэ цIыхубз 50 зыппэльэщыну дзэм фыкьыпикIытыну фигу къэвмыгъэкIыхьэ жиIэрэт? Нэхъ пасэу дигу къэдгъэкIыжа Ахулъго Iуажэм деж щекIуэкIа зауэм Ашильтэ щыщ Ханзадай цIыхубзым и цIэр кьыхощыж. И щхьэгъусэр зэкIуэда нэужь, абы и щыгъынэхэр щитIагъэри, езыри яукIыу кьамэр игъэтIылъауэ щытакъым.

Адыгэхэм ятеухуауи сурэт куэд зи IэдакъэщIэкI, урыс императорым и сурэтыщIу щытта Рубо Франц «1859 гъэм шыщхьэуIум и 25-м Гъуниб Iуащхьэр кьызэращтамрэ Щамил гъэру зэраубыдамрэ» фIищауэ сурэт щыIэщ. Нэхъ цIэрыIуэхэм хабжэ Горшельт Теодор и «Гъуниб урысыдзэр зэребгъэрыкIуар» сурэтыр.

Гъуниб деж щекIуэкIа зауэзэрылIым адыгэ напэкIуэцIи зэрыхэтыр зыщыдгъэгъупщэ мыхъуну Кавказ зауэм и напэкIуэцIхэм ящыщ.

Кавказым хыхьэ Спартэ

Кавказ Спартэ зыфIаща щIыналъэр здэщыIэр Къэрэшей-Шэрджэсырщ. Инжыджышхуэ псыежэхым и Iуфэм, абазэ, адыгэ, нэгъуэй къуажэхэм апэгъунэгъуу, Адыгэ-Хьэбзэ, Нэгъуей районхэм хевбыдэ ар.

ПОНТ къудамэм щыщ алыджэр ди лъэныкъуэмкIэ XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм къэлэпхъуауэ хуагъэфащэ. Ящэ яухуар Къардэныкъуей станицим бгъурыт Хьэсаут-Алыдж псэупIэрт. 1924 гъэм абы щыщхэмрэ Трапезундрэ Карсрэ щIэуэ кьиIэпхъукIа алыджхэмрэ етIуанэ кьуажэ яухуащ, тхыдэм щыщIэрыIуэ Пелопоннес фIащри.

«Хьэсаут иубыд щIыпIэр кьуэ зэвти, гъавэ щыхэпсэ хъуну губгъуэ къалъыхъуэн щIадзащ, - ягу къагъэкIыж а къуажэм щыпсэуахэм я гъусэу Спартэр зыуухуахэм. - Къуажэм и хъуреягъкIэ щыIэ щы пшэрым гуэдзи, нартыхуи, хьэи, сэхуарни кьыщыбгъэжI хъунут, гъуэгушхуэри жыжьэтэкъым, псыежэхри Iэгъуэти, аращ кьыщIыхахар».

ПсэукIэ зыщIэм Iэбжькли ещIэ. КъуажащIэр щаухуэм, къэIэпхъуагъащIэхэм мэз щыкIухэр хасащ, псы зэрыщIагъэлъадэ кIэнаугъэхэр датIыкIащ, Iуащхьэхэм кьазмакъ, пыжь, хьэмкIытIейхэр щыхасащ. ЗэрыжаIэмкIэ, алыдж кьуажитIым щыпсэу унэгуащхэм ныбжькIэ зэIэпах ерыскъы гъэщIэгъуэнхэр япщэфI.

Зэман кIыхькIэ Спартэм алыдж фIэкIа щыпсэуакъым. Иджыпсту кьуажэм лъэпкъ зыбжанэ дэсщ, ауэ иджыри нэхъыбэр алыджхэрщ. Кьуажэм щIыху 400-м нэблагъэ дэсщ, псори зэжэту пщIантIэ 200 хуэдиз мэхъу. Зэрыхъу хабзэу, гъуэгу зэрагъуэту, щIыху куэд Алыдж къэралым Iэпхъуэжащ.

«Дэ алыджыбзэм и понт къудамэм дропсалъэ, - жаIэ Спартэ къуажэм дэт школым и директор Надеждэ. - Алыджым дыпэIэщIэу щытми, анэдэлъхубзэр тхъумэжыным дыхущIокъу икIи дыщIохъуэпс».

Школым нэмыщI, кьуажэм иджыри алыдж члисэ дэтщ. ТхъэелъэлупIэкIэ уеджэмэ, нэхъ пэжынщ. Илъэс куэдкIэ «Свято-Троицкий храм» жыхуаIэр дин зехьапIэу яIащ. Ауэ ар зыхуей хуэзэуэ щыттэкъым, абы кьыхэкIыу, щэнхабзэ мыхьэнэуэ иIэр нэхъыбэт, фIэщхъунигъэм зэрепхаишхуэ щымыIэу.

Сыт иджыри Спартэр зэрыщIэрыIуэр? Мыбы «Марстел» псыIэфIыр кьыщIэзыIгъэкI Iэхуащ Iапэ щолажь. Кьуажэдэсхэр я хэкум гукIэ зэрыпыщIам и щыхьэтщ мыбы щыпсэу сабийхэм Дионис, Сократ хуэдэ цIэхэр зэрыфIащыр.

ЯгъэщIагъуэу ягу къагъэкIыж хъыбарщ Спартэ кьуажэм дэт колхозым и унафэщIу щыта Михайлиди Анастас япэ кьэсыр кьуажэгъу ищIу зэрыщцымытар. Спартэ сыщыпсэуну сыхуейщ жызыIэхэм фIэкIа кьищтэрэкъым. ЩхьэкIынэхэмрэ хьэрэмышхэмрэ я нэр игъэпIэхъэртэкъым. И зэманым Iуэм Спартэм дэта колхозым куэд хуэзфIэкIащ, кьуажэм уэздыгъэрэ гаэрэ дэзышар аращ.

Ди щIэджыкIакIуэхэм къагурIуаеу дыщогугъ дэтхэнэ хэкэс псэупIэхэми хуэдэу, Къэрэшей-Шэрджэсым зыщызыыбгъуэ Спартэ алыдж кьуажэм и щэнхабзэр ихьумэжыфыну гугъэшхуэ зэрыщымыIэр. Ауэ абы гу лъыттэн хуей щIэхъуар мы алыдж гъуджэм хамэ къэралхэм щыкIуэдыжь адыгэ кьуажэхэр кьиззэрищщ. Зыззэман Сириеми Тыркуми бжьыгъэшхуэкIэ зыщцызыубгъуауэ щыта адыгэ кьуажэжьхэм я нэхъыбэр хуэмурэ хэкIуэдэжри, абыхэм щыпсэуа ди лъэпкъэгъуэкэр кьалэшхуэхэм Iэпхъуэжащ. Ар я щхьэусыгъуэри хамэхэм нэхъ яхэшпсыхьащ. Ардыдэр кьыпэплъэу пхужьIэнущ КъШР-м щыIэ, фIэщыгъэ къудейкIэ фIэкIа алыдж щэнхабзэм пхуемыпхьэ Спартэми.

Иджы тхыдэ напэкIуэцIхэр кьызэIутхынщ. Даузт икIи сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэт алыджхэр Урысейм кьызэрыIэпхъуар? XVIII лIэщIыгъуэм и кIэм – XIX и пэм хуахь ар кьыщIыхуа лъэхъэнэр. 1768 - 1774 гъэхэм екIуэкIа урыс-тырку зауэм и ужькIэ япэ гупыр кьэпсэуащ. А зэманым урыс имперер нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу чыристанхэм кьащIэкIэщыжьыри, Урысейм къэIэпхъуа алыджхэм я къэралгъуэ яуухэжыну гугъэшхуэ ящIу зыкъагъэшауэ арат. ЕтIуанэ къэIэпхъуэгъуэр зыхиубыдар 1801 - 1856 гъэхэрщ. 1810 гъэм «Чыристанхэр Тыркум кьэрашыжу Кавказым зыгъэIэпхъуэ комитет» Тифлис кьыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Понт къудамэм хьихьэ алыдж мини 100 Тыркум кьикIри Куржым къэIэпхъуат. Ещанэ къэIэпхъуэгъуэр 1862 гъэм хуэзащ. Абыи и щхьэусыгъуэр чыристан алыджхэр мусылъмэн къэралу щыт Тыркум кьиззэрашырт. АпщIондэку Кавказым щыщ мусылъмэнхэр - псом ялейуэ адыгэхэр - Тыркум яшэрт.

1878 гъэм понт алыджхэм ящыщу мин 75-рэ Карс къраГъэIэпхъуакIуэ щытащ. Абыхэм я нэхъыбэр иужькIэ Псыжьрэ Тэрчрэ пэгъунэгъуу ягъэтIысащ. Псалъэм папщIэ, Псыхуабэ и Iагъуэблагъэм щытIыса япэ кьуажэхэм ящыщщ Нагут, Кърымджэрий, СулътIан кьуажэхэр.

Кавказым щыпсэу алыджхэр адрей кавказ лъэпкъхэм яхэшпсыхьакъым, динкIэ кьатехуэ ермэлыхэм фIэкIа. Мусылъмэн диныр зезыхъэ адыгэхэм ягъэгунэгъу псэуху, абыхэм я хабзэ хуэд къащтащ, ар унэ зэгъэзэхуэкIэ, щIэныгъэ зехьэкIэ, хьэщIагъэ ехыкIэ, атэлыкъ хабзэ, лъыщIэж ирехъу. XX лIэщIыгъуэ пщIондэ алыджхэм щитI зыфIащыжьу щытащ, тIум я зыр адыгэщIэрэ абыкIэ унэм кьыщеджэу. Кавказ алыджхэм адыгэбзэкIэ псалъэ куэди яхэтт, ар я анэдэлъхубзэм и гъусэу ягъэшэрыуэфу.

● Щэнхабзэ

Жэщмыгъэжей щIапщэ

ЩIапщэ (щIэпщакIуэ, щIопщакIуэ) жыхуиIэр Iэзэкэ лIэужьыгъуэу, сымаджэм (уIэгъэ хъуам, зи къупщхьэ кьутам, блэ е бэдж зуам) екъэлIа дауэдапщэу иIаш адыгэм. Епщэн псалъэм къытекIащ, «епщэрэ Iэзэбзэ кьибжу зыгъэхъуж» жыхуиIэу. ЩIапщэр сымаджэр зэрыльэ унэм е хьэщIэщым щащIу щытащ. Езым и унэ имысыжу цIыхур сымаджэ е уIэгъэ хъуамэ, зрихьэлIа дэтхэнэ адыгэ унагъуэми (ар ныбжьэгъуми, Iыхьлыми, хамэми) щIапщэ хуищIын хуейт.

ЗЭАДЭЗЭПХЪУ щIэныгъэлIхэу Мыжей Михаилрэ Пащты Мадинэрэ здатха «Адыгэ мифологием и энциклопедие» тхылъым щызэпкърыхащ мы хабзэжьыр. Абы зэритымкIэ, пщы-уэркъхэм, нэхъ зыльэкIэм я щIапщэм кьрагъэблагъэрт зэгъэгум щыцIэрыIуэ джэгуакIуэхэр. ЩIапщэ джэгур зезыгъакIуэм папщIэ инжыджэс адыгэхэм джэгу хьэтэ, джэгу хьэтыж жаIэ. ЩIэпщакIуэ къакIуэхэм ирагъэшыну щIапщэ ныщыр гъунэгъухэм, благъэхэм къашэрт. Пщапщ1эу Iэзэм е джэгуакIуэм иратырт ныщу яукIа Iэщым и фэр.

Дауэдапщэр пшапэ зэхэуэгъуэм яубгъэри, жэщ псом ирагъэкIуэкIырт, кIыфI хъуауэ (а зэманыр бзаджэнаджэ къэхъеИгъуэ къалъытэрти) сымаджэр ямыгъэжеин папщIэ. Нэху ща нэужь жеймэ хъунут, уеблэмэ фIыуэ ягъэжеин, зрагъэгъэпсэхун папщIэ Iущхьэ иратырт. ЩIапщэр яублэн ипэкIэ унэм и хъуреягъыр, блинджабзэр кIэгъуасэкIэ е вэнвейкIэ къатхъыхьырт, бжэщхьэIуэм гъущI вабдзэ щагъэтIылъырт, сымаджэм и пащхьэ джэдыкIэ хэлъу псы фалъэ иратырэвэрт. Ахэр зыгъэзащIэ хабзэр сымаджэпэс пщащрат (кIахэ адыгэхэр мыбы кIэпщэ е даекIэ йоджэ), ар унагъуэм я Iыхьлыт е гъунэгъу-жэрэгъут, я дзыхьщIэгъут. Даер сымаджэм бгъэдэмыкIыу бгъэдэст, зыхуей хуигъаззу, лей кьримыгъэкIалэу, Iэзэм дэIэпыкъу. КIэгъуасэми, гъущIми, джэдыкIэми бзаджэнаджэм щызыхъумэ мэгъу къару, ажалым зэрытекIуэ гъащIэ нэщэнэ хэлъу къалъытэрт. ЩIапщэм къекIуэлIа дэтхэнэ зыри Iэмал имыIэу вабдзэм гъущI кIапэнэкIэ теуэрт, «Зэпэщу утэджыж» жиIэурэ сымаджэм ехъэхъурт. БжэщхьэIур (бзаджэнаджэ тIысыпIэу, дунеитIым я гъунэмгъыпIэу миф дамыгъэщ) лъагэу къыредащIейрт, къекIуэлIахэр я пIалъэ фIэмынэу абы лъакъуэ ижькIэ ебэкъуэн хуейт. ЩIапщэм цIыхуей е лIыкI къриIэлIамэ, и лъакъуэр бжэщхьэпм фIонэ, сымаджэм и пащхьэ илъ джэдыкIэр кьочэ, жаIэт. Сымаджэм екъэлIа дауэдапщэхэм гъущIхэкIыр зэрыхэтыр Лъэпщ и культым и лъэужьщ. Пасэрей щIапщэм Iэмал имыIэу дауэдапщэ уэрэд щIыжаIэрт. ЩIапщэ уэрэдхэр лIэужьыгъуэ зыбжанэ мэхъу: фэрэкI уэрэд, щэхэх уэрэд, Iэзэм и уэрэд, гушыIэ-сэмэркъэу уэрэдхэмрэ уэсэхэмрэ. ФэрэкI уэрэдхэр зыхуэгъаззар фэрэкI узым и тет Созэрэщт. Тхъэм и цIэр къапсэльыртэкъым, абы пIэкIэ «Зиусхьэн», «Дахэжь», «Дыщэ шу» жаIэрт. Езы «фэрэкI» узыщIэми табу телът, абы и пIэкIэ «цIэимыIуэ», «щыгъинщ», «хьэлывищ» жаIэрт (щIыфэм къытрикIытэхэм и нагъыщэу). ФэрэкI узыр уз мэхъаджэу, хуэфкIу щышынэзу, цIыху минищэ бжьыгъэхэр ихьу щытащ икIи пасэрей адыгэ уэрэдым абы хуабжьу зыхуеГъэщхь, узыр кьыззреблэгъар фIыгъэшхуэу жиIэу, абы и тетыр игъэлъапIэу.

Тхыдэм зэрищIэщи, фэрэкIым япэу Iэзэгъуэ (прививание) кьыхуэзыГъуэтам адыгэхэр ящыщт. XVIII лIэщIыгъуэм псэуа франджы философышхуэ К.А. Гельвеций фэрэкI узым и Iэужькъэ адыгэ бзыльхугъэм фIыщIэу хужиIар тхыдэм кьыхэнащ. Адыгэм я бзе щалъэгъуа Iэзэкэр кьаГъэсэбэпуръ, хамэ кьэрал Iэзэхэм Европэм и пащтыхь унагъуэхэр фэрэкIым кьрагъэлауэ щытащ. ЦIыхум и фIыщIэу щыт Iэзэгъуэр къахута нэужьи адыгэм фэрэкI щIапщэ щIыныр щагъэтакъым. Тхъэм и фIыщIэр ямыгъэкIуэду, уеэбзэм мэгъу къарууэ хэлъыр я фIэщ хъууэ зэрахьэрт.

Шэхэх уэрэду нобэм къэсауэ адыгэ Iэрыпуатэм ихьумар кIахэм «Къоджэбердыкъо Мыхьэмэт ищэхэх орэд» жыхуаIэращ. Iэрыгъуэ уэрэд лIэужьыгъуэ ирашажьэрт Iэзэр щтапхъэмкIэ шэ (шабзэшэ) хэхьным щыхуекIуэм деж. Абы псалъэу хэлъыр зы закъэущ: гъз макъым зыпищIу «агI». УIэгъэ зэшм къыгъэтIэсхьа адыгэ зауэлIым и напэр кьахъумэн папщIэ, шэр щыхах напIэзэпIэм ирихьэлIэу а гъз макъыр щIапщэм щIэс псомиращыкIэпшынэм дежьууэ здэжьаIэрт. «Шэуэ хихыр дыжьын» жеIэр уэрэдым: шэтемыгъакъэу дыуэр зыпэмыльэщу кьалъытэр дыжьынышэращ.

Блэ зэуам еущIэнэри щхьэхуэт. Блэнапщэ Iэзэ кьашэрти ирагъапщэрт. Иужьрейуэ зи цIэ кьэна джэгуакIуэблэнапщэу Хъурбыз Мысост (Инжьджей хэгъэгу) блэ зэуам трибжэу щыта мажусибэзэм щыщщ мы пычыгъуэр: «Хъыщти, мыщти, бжэмкIэ кьыщIыхьа, щхьэгъубжэмкIэ щIэкIыжа». Iэзэр епщэхукIэ блэр зэгуоуд, жаIэрт. Блэр зэуам кьыкIэльокIуэж, жаIэрти, щIапщэ щащIкIэ сымаджэр щхьэгъубжэмкIэ унэм кьрахьэжырт. Дунейр хуабэу щIыбым щащI хъумэ, чий хуар яIэтырти, абы трагъэгъуалъхьэрт, зэраIэта пкъохэм язым адакъэ ирапхырт, блэр кьаКIуэмэ кьаригъэщIэну. КъэзыгъэзэжьнкIэ хъуну блэм жэщищ-махуищкIэ сымаджэр щахъумэрт, уIэгъэм хуэфащэн хущхъуэ ирахьэлIэрт.

Нало Заур зэрыхуигъэфащэмкIэ, Iэзэр зэрагъэпIалIэ уэрэдхэр кьыщежьар тхъэм и пщIэр нэхъ кьэтIасхъэу, цIыху Iэзэм и IэщIагъэм куэд зэрелъытар кьыхагъэщхъуа хъуа нэужьщ:

Уэр, мы Iэзэ лIыфIмэ,
Уэр, фегугъу уо уореда,
Уо, фызыщIэгугъуэхэр
Уэр, и щэхэх, маржэ!
Уэр, щэр зэрыхахыр,
Уэр, дыжьын, уо уорейда,
Уэр, дыжьын[ы] щIыIуэхэр
Уэр, мэжьгъыжьгъ, маржэ!..

ЩIапщэм щызэхуэсыр нэхъыбэу щIалэгъуалэт. ГупитIу загуэшырти, нэху щыхуэ джэгукIэ, кьафакIэ, гушыIэ-сэмэркъэукIэ, хъурэщырэшкIэ, IуэрыпуэдзынкIэ зэпеуэрт. ДжэгуакIуэм нэмыщI, щIапщэ утыкум итт ажэгъафэр, ажэжь мэУр (пыIэр) и напэм Iулъу, IугъуэжкIэ гъэлыгъуэ екIэпцIэ дамокъуэр Iэщ1элъу.

ЩIапщэ джэгукIэхэр лIэужьыгъуэ зыбжанэ мэхъу: «дзэлдзэу», «жгут» («журт»), «Iэгуауэ», «шу зэтес», «щхьэл». Хьурейуэ мэжаджэшхуэ ягъаьжэрт, ар унащхьэм илъ бгыкъум кIапсэкIэ кIэращIэрт, кIапсэр яГъэкIэрэзэгъжьырт, мэжаджэр ещIэхуикIэ ар хъурейуэ къэзыгуфыхьа щIалэхэр Iэкlэ емыIуэсу жьэкIэ едзэкъэфын хуейт. Мэжаджэ гъурым я Iупэр Iуиуду адэкIэ-мыдэкIэ я1щIэмыхьэу ещIэрт, апщIондэку мыдрей щысхэр зэщIэдыхьэшхэу еплъырт. Арат «дзэлдзэу» жыхуиIэ джэгукIэр.

Пасэрей щIапщэм мэгъур нэхъ хэлът. Жэщым и кIыхьаГкIэ Iэзэгъуэ хуэIуэхэщIэмрэ мыдэкIэ утыкум щекIуэкI джэгумрэ зыр адрейм кIэлъыкIуэу гъэпсат. Дауэдапщэмрэ теуэ-тепкIэмрэ зэблахъу зэпытт. Мэхъур нэхъ кIащхъэ, гушыIэр нэхъыбэ хьууэрэ щIапщэм и тхыдэр I1щIыгъуэкIэрэ къекIуэкIащ. ЩIапщэ утыкур зезыГъакIуэм и кьалэнхэри Iэзэм кьыбгъэдэкIыуэрэ «жэщмыгъэжейм», зэштегъуэмхуэкIуэжьрт. Джэгу-кIэ «емыкIуэри», макъышхуэу ягъэIуэри, гуфIэгъуэ дихьэшхри - псори гъащIэр лIэныгъэм зэрытекIуэ пасэрей мэгъу Iэмалт.

Зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

УкъыкIэрыхуIуэми нэхъыфIщ

Иужьрей зэманым Къухъэпlэмкlэ «Дунейпсо экоцидыр къэвгъэувыIэ» зыщIэзэхъеенымгъэм и Iэуэлъауэхэр къоIукI. Къэрал 50-м зыщагъбгъуащ абы и къудамэхэм. Я унафэщI нэхъыщхьэр здэщыIэр Великобританиерщ.

«УДЭЩФЭ» зыфIащыж Щы хъурейм и хъугъуэфIыгъуэхэр яхьумэныр къалэн зыщызыщыж зэгухэзныгъэхэм. Ауэ зи гугъу тщIы Iэхъущапlэр щыуэпсыр хъумэныр и тебзэу, цIыху цIыкIыр ерыскъы узынщэм хъунэрыкIыным къалэнныфэ къытригъэувэну хэтщ. Iэхум щыгъуазэхэм зэрыжаIэмкIэ, адрей псоми къадэкIуэу, мыхэр кьыщежьар пlэ нэпщI кьыщIэзыгъэкIхэм я хъэпшыпхэр нэхъ уасафIэ ящIым папщIэщ.

Иджыблэм щыIэ «Дунейпсо экоцидыр къэвгъэувыIэ» IэхуащIа-хуа псалъэхэр нэгъунэ кьыщIэнащ Щамил. «ЦIыхур кьыззаралъхури зэрыпIэри зэщ. Сыт хуэдизрэ дыпсэуми, гуэв-щIэхами дыпIэжнуц. Дунеягъэм фи гупсысэхэр пывгъэкI, фи ахърэт гъэзмылэр хэмыщIын папщIэ», - яжриIэрт Щамил и бынхэмрэ и муридхэмрэ, лIэныгъэм щымыщIэн папщIэ ягуэр фIы яхуищу. Тхыгъэр кIыхьыуэ тфIэмыхъун щхьэкIэ нэмыбгъэсауэ къэдгъанэ мы хъыбарым гукъэдж зиIэр щеджэфынущ Гъэзикъымыхъу Абдурахьмэн и «ГукъэкIыж-хэм я тхылъым».

Тхыдэ хъужащ нобэ дгу къэдгъэкIыж напэкIуэцIхэр. БлэкIар щIаджыжыр щапхъэрэ ущиещи, зэхэпхыу бгъэщIагъуэ хъыбарэр кьыхохуэ Щамил Гъунибыщхьэм щыжиIаэмрэ кьыщигъэжьауэхэмрэ ятеухуауэ. КьыззраГъуэтэжьмкIэ, Iммамыр Iуащхьэм щыдэкIуейм щыгъуэ, и мылькур гу зыбжанэкIэ яшэрт. Шыгуищым Iэщхэр ильт, хым - ахъшэхэр, дыщэр, дыжьынэр, шыгу пщыкIублкIэ тхылъхэр яшэрт. АрщхьэкIэ Гъуниб щыдэкIуеям, абыхэм ящыщу Щамил кьыIэщIэнар и Iэщэм и закъуэт. Адрей хьэпшынпсори фIадыгъуэт. ИужькIэ кьыщIэщыжащ а псори езым бий кьыхуэхьужа нэIиб гуэрым зэрызыIэщIилъхьар, кьыхурикъужын папщIэ. Арати, кьэхъуар кьыщыгурыIуэм, и гъусэхэр кьиплъыхьри, Щамил хьэрыпIызэкIэ усэ кьеджащ;

Афэ дженэм хуэзгъадэу кьуэшхэр сиIати,
Мис, бийуэ кьысспщIэувэжаи!
Шабзэшэм хуэзгъадэу псэм
щызгъэфIакъми

Иджы си гум зыкъыхаукIаи!

А зэманым псэуа сурэтыщIхэм я Iадакъэ кьыщIэкIауэ сурэт зыбжанэ щыIэщ Гъуниб зэрыщIыпм щекIуэкIар уи нэгу кьыщIигъэувэу. Мэзым жыгъу щIэтам нэхъ-рэ мынэхьыбзмэ, нэхъ мащIэтэкъым Гъуниб къэзыувыхьа пащтыхь сэлэтхэм я бжыгъэр. Iуащхьэм кьеплъыхьу ахэр кьиплъэгъуа нэужь, Щамил жиIар нобэми зэIэпах: «Ашильтэ щыщу цIыхубз 50 сиIамэ, сыту сехъуIат!» Абы кьриIуэ-кIэлар хэт ищIэн? Зи цIэ кьриIуа и анэщ кьуажэм щыщ цIыхубзэр зэрыхахуэр? Хьэмэ цIыхубз 50 зыппэльэщыну дзэм фыкьыпикIытыну фигу къэвмыгъэкIыхьэ жиIэрэт? Нэхъ пасэу дигу къэдгъэкIыжа Ахулъго Iуажэм деж щекIуэкIа зауэм Ашильтэ щыщ Ханзадай цIыхубзым и цIэр кьыхощыж. И щхьэгъусэр зэкIуэда нэужь, абы и щыгъынэхэр щитIагъэри, езыри яукIыу кьамэр игъэтIылъауэ щытакъым.

Адыгэхэм ятеухуауи сурэт куэд зи IэдакъэщIэкI, урыс императорым и сурэтыщIу щыта Рубо Франц «1859 гъэм шыщхьэуIум и 25-м Гъуниб Iуащхьэр кьызэращтамрэ Щамил гъэру зэраубыдамрэ» фIищауэ сурэт щыIэщ. Нэхъ цIэрыIуэхэм хабжэ Горшельт Теодор и «Гъуниб урысыдзэр зэребгъэрыкIуар» сурэтыр.

Гъуниб деж щекIуэкIа зауэзэрылIым адыгэ напэкIуэцIи зэрыхэтыр зыщыдгъэгъупщэ мыхъуну Кавказ зауэм и напэкIуэцIхэм ящыщ.

Къадзэмыщтэхэр Урым дунейпсо судым иратынущ.

ЗэкIэ Дунейпсо судыр цIыхум ирах лейм пэщIэт хуэдэу щытщ, зэрыпхъуакIуэхэмрэ дзэ щIэпхъаджащIэхэмрэ къыкIэлъэжьхэу. Ауэ я Iэужу елъпкIэр тыншу зэрыпхагъэкIым уи фIэщ ещI «экоцид» псалъэм зыхуей дыдэ мыхьэнэр зэрыратыфынур. ГъэщIэгъэныщэраци, цIыху цIыкIур мин бжьыгъэкIэ зэрызэтраукIэр кьызэрыфIэIэхуэшхуэ щыIэжьым Дунейпсо судым, ауэ щыхьэкIэ къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм «я хьэкъыр» ехъумэ.

Мэкъумэшым елэжьхэр, бдзэжьей ещанэм хэпсэукIэр, Iэщ зэзыухэр зи гугъу тщIы зэщIэхьеенымгъэм и къыщыфIэнэну махуэр апхуэдэ дыдэу жыжьэжкъым. Дауэ «Дунейпсо экоцидыр къэвгъэувыIэ» Iэхуащ1апIэр цIыхум къызэрыжьэхэуэфынур жыпIэмэ, япэрауэ, лыхэкIэхэр пхъэщхьэмыщхьэхэри, хадзэкэкIэри нэхъ лъапIэ хъунущ, хуэмурэ иджыпсту «зи мэ кьытщIихьэ», гъудэбадзэм кьыхэщыщIа шхыныгъуэхэр тыкуэнхэм кьыщIалъхъэнуц, ауэрэ зэкIэ мыкуэду кьытфIэщI лы нэпцIхэр, джэдыкIэ нэпцIхэр, шэ нэпцIкэр нэхъыбэ хъунущ. Пы лей къэзыщтэ цIыхухэм куэд зышхи яхэтщ, шэч хэмылъу, ауэ ерыскъы мыузыншэм нэхъеижитIу зэтреху Iэпкълъэпкъыр. Ерыскъыр узыншэу щыщыта пхъэхъэнэхэм цIыхум мащIэкIэ зигъэнщIу, ишхар кьару хуэхъуу щытамэ, иджы ишхыр нэхъыбэ щхьэкIэ, абы кьаруу кьезыту кьыхэкIыр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Аращи, кьалэшхуэхъуапсэу, ди къуажэхэмрэ губгъуэхэмрэ дыбгъэхъуамэ.

Пли1энэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ

Мы гъэм и бжьыхьэр

● Гъэлъэгъуэныгъэ

КЪБ-м и Лъэпкъ музейм «Бжьыхьэ-24» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэ хэлъ къыщIэзIуахащ. Абы утыку къыщрахьащ Урысейм и Сурэтыщхьэ я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэт Iэщlагъэлlхэм я Iэдакъэщlэкl тельыджкIэхэр.

ПЭШЫШХУЭР яуфэбжьыщ сурэтхэм, скульптурэхэм, графикэ лэжьыгъэхэм, декоративно-прикладнай гъэзджэм (арджэн, дыщэидэ, цIыхубзхэм зэрызагъэдахэ хьэпшып хуэдэхэр, фэм, щэкIым, керамикэм, нэгъуэщIхэми къыхэщIыкIахэр), монументальнэ гъуэзджэм щыщ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм. Ахэр ящIащ дэ фIыуэ тцIыху, зэгухьэныгъэм хэт сурэтыщI цIэрыцIуэхэм, абы хыхьэну зызыгъэхьэзыр щIалэгъуалэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, Абей Iосият, Жылэ Анатолэ, Црым Руслан, Иванниковэ Ольгэ, Зэхъуэхъу Валерэ, Пак Галинэ, Тхьэзэплъык Руслан, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Дзцырхуей Руэннэ, Мэзло Руслан, ХьэцIыкIу Миланэ, ЦIыпIынэ Маринэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Дэтхэнэри щхьэхуэу узытепсэлъыхь хьуну пэжыгъэщ, щхьэхуэкIэплъыкIэу, эмыфэгъуу, гупсысэ куу ящIэну. Дыкъэзыухъуреихь дунейм, псалъэ, къуажэ я гъащIэкэм ухэзыщэхэр, нарт эпосыр, бжьыхьэ дыщафэр, дыгъэкъуохьэгъуэм и дахагъэр, нэрымылъагъу хьуэпсэгъуэр, нэгъуэщI кэуд уи нэгу щIегъэкI гъэлъэгъуэныгъэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и музейхэм щрагъэкIуэкI гъэлъэгъуэныгъэ гукъинэж кэуд. Абыхэм утыку къыщIрахьэ ди щIыналъэм и щIэнхабзэ гъащIэр зэрыкъулейр. Лэжьыгъэ щхьэжькIэплъыкIэхэмкIэ бей нобэрей гъэлъэгъуэныгъэр, КЪБ-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэщащ, узыгъэгушхуэщ, уи гукъыдэжкIэр къэзыIэтащ. Сэ сыкъапщIэмэ, сыщыгуфIыкIащ дыщIэщIхэм я зэфIэкIым, я ехьулIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, - жиащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Къыщхэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIу, сурэтыщIхэм я илъэс лэжьыгъэр къыщапщытэк хуэдэу къыщрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэным зэрыщыкIрагъэхьэлар эзригуапэр къыхигъащIу къэпсэльащ КЪБР-м и Сурэтыщ Iэ я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къанэкъуэ Жаннэ. «Къапщтэмэ, лэжьыгъэхэр псори щIэщ, абыхэм фепIлъкIэрэ мащIэ-куэдми къэфщIэфынущ илъэсым и кIуэцIкIэ ахэр зэрыпсэуар, зэгупсысар, зэпэжьар, зыгъэгузэвар, зыщIэхъуэпсар», - жиIащ абы.

- Дэ кэудрэ дыкъинутIыпщыну къыщIэкIынкъым иджыблагъэ екIуэкIа выставкэм, Сэкlуий Хьэмид и Iэдакъэщlэкlэр налшыкдзэхэмрэ абы и хьэщIэкэмрэ щьэрагъэлъэгъуэм. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр творческэ гъащIэ къулейкIэ мэпсэу, - къыхигъащIащ КЪБР-м и цIыхубз сурэтыщI Жылэ Анатолэ. - Абы и щIыхьэтщ Шемякин Михаил и гъэлъэгъуэныгъэ «Акрополь» Iэхъущlапlэм щызэхэтар, симфоние макъамэм и фестиваль Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэр, нэгъуэщIхэри. Гуапэщ уэрэтыщIкэр зэрыпсэур, зэрылажьэр, я гуащIэр утыку кърахьэну Iэмал зэрапIэр. Нобэ тльагъу гъэлъэгъуэныгъэм хэт лэжьыгъэхэракъым абыхэм я Iэдакъэщlэкlэхэр зэрыхьэр, атlэмк я зэфIэкIыр ди нэгу къыщIэдгъэхьэнымкIэ Iэмал хъарзынэщ. Ди республикэм, кьалэм хуащI саугъэтуи къэпльытэ хьунущ зэIуцIэр.

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий псалъэ щратым и гугъу ящIащ ди сурэтыщI куэдым я гуащIэм зэрыщыгъуаззэр. Абы и щIыхьэту жиIэжащ и уху́эныгъэхэм ящыщ зым и блыным Жылэ Анатолэ сурэт дахэ тришIыхьауэ зэрыщытар, ар куэдым ягу зэрырихьар. Апхуэдэуи къыхигъащIащ я къуажэгъу сурэтыщI Конин Анатолэ и лэжьыгъэхэр и унэм и пэш зыбжанэм зэрырIэлъри. «Абыхэм къагъэлъагъуэ зэфIэкI зиIэ сурэтыщIхэр зэрыдиIэр, ди гуапэщ дяпэкIи я Iэщlагъэм и хьэр яльаГъуну, гукъыдэж щымыщIэну, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщыдзэIуахым абы къыщыпсэльахэу КЪБР-м и цIыхубз сурэтыщIхэу Црым Руслан, Колкутин Андрей, Конин Анатолэ, КЪБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Зэхъуэхъу Валерэ сымэ ехъуэхъуащ ар къыззэригъэпэщахэм, абы хэтахэм, зыкърезыгъэхьэлIахэм. ЗэгущIэр дэтхэнэ творческэ цIыхум и дежкIи махуэшхуэу зэрыщытыр къыхагъащIащ.

Гъэлъэгъуэныгъэр фокIадэм и 17 хьуху екIуэкIынущ, ар зыфIэгъэщIэгъуэнхэм музейм и лэжьакIуэхэр я гуапэу къыфполIэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Iэпэlэсэныр зи псэм хэлъ

Табыхуу-Сэрахъэ Заринэ имиджмейкерщ, фэильхьэгъуэхэр екIуу зыгъэщIэращIэ Iэпэlэсэщ, торт гъэщIэрэщIахэр зыщI бзыльхугъэщ. «Sarakha cakes» тортыр куэдым къаIурыIэфIащ.

Сэрахъэ Аланрэ Заринэрэ адыгэ инагъуэ дахэ зэдаугъуащ. Езыхэр лъэпкъ Iуэхум дехьэх, я бынхэри абы щIапыкI. Бзыльхугъэр ди университетым юрист Iэщlагъэм щыхуеджащ. Иужькlэ, имиджмейкер Iэщlагъэр Москва щызэригъэгъуэтащ. Iэпэlэсэнми пщэфIэнми езым зыхуигъэсэжащ, онлайну курс зыбжанэ къиухащ.

- Заринэ, куэдым укъащIыну торт IэфI гъэщIэрэщIахэр зэрыпщIымкIэ. Уэ абыикIи ухуеджакъым, атlэ дауэ удихьэха?

- Псори къыщежьащ си анэм деж. Ар езыр Iэпщlэлъапщlэщи, зэIусэм псэ хилъхьэм хуэдэу, сурэт ищIын фIэфIщ, Iэфiуи мэпщащфэ. И щIалэгъуэм щыгъуэ си анэм торт-хэр ищIырт, 90 гъэхэм псоми гурыхь ящIыхъуауэ щыта «День-ночь» тортыр псом нэхъ-рэ нэхъыфIу къехъулIэхэм ящащ, зыхэслъхьэ щымыIэт и «наполеон»-ри.

Сэ езым торт сщIыну щыщIэздзар бын къытхуэсу декрет сыщыкIыщащ. Псоми зэпызыгъэу анэ куэдым зэфIэкI гуэрхэр къызыкъуах хабзэкъэ атIэ! Сэри си анэм и щапхъэр си гъуазэу къэзгъэунэхужа зэфIэкIщ ар.

- Фэильхьэгъуэхэм сурэтхэмрэ тхыпхъэхэмрэ зэрыстепщIыхьым утезгъэпсэлъыхьынут. А Iэпэlэсэным сыт и къежьапIэ?

- Япэу щыгъыным тхыпхъэ щытесщIыхьам щыгъуэ къызгурыIуащ абы хуабжьу сызэрыдихьэхыр. СызыIэпишащ. Зэгуэрым, си ныбжьэгъур къыщалъхуа махуэу, мурад сщIат си Iэкlэ сщIа гуэр тыгъэ хуэсщIыну. Аращ абыи и щIэдзапIэр. Иджы сфIэфI дыдэу, си псэм зигъэпсэхуу, щIэщIгъуэу зыгуэр хсслъхьэху нэхъри си гур игъэпабгъэу солэжь.

- Уи Iэщlагъэм теухуауэ зыкъыпхъуэзыгъаззэхэмрэ уэрэ фи гупсысэр процент 99-рэ хуэдизкIэ зэтехуэу щыхьIапIат уи интернет напэкIуэцIым. Абы сэ къызэх уи дэтхэнэ лэжьыгъэмэ уи псэм щыщ хэпльхьэу, Арагъэнщ блэжьыр цIыхухэм зэрыщыщIыр...

- Пэжщ. Дэтхэнэ лэжьыгъэми си псэм щыщ Iыхьэ хэлъщ. Зыкъыхсхуэзыгъаззэкэр арэзы сщIыным икъукIэ согугъэ. Абыхэм си Iэкlэ сщIэуэ яIэрыхьэр, торт е щыгъын ирехъу ар, яльэгъуа нэужь я гукъыдэжкIэ зэрызэIэтым уаэсэ иIэкьым сэркIэ. ЗыгуэркIэ къызэгугъуэкI гуэр къыспэщIэхуэу щытми, ар зэзмыгъэщIауэ, и кIэм екIуу нэзмыгъэсауэ псэку сиIэнукъым. Сыгумызагъэщ абы теухуауэ.

- Имиджмейкер Iэухутхьэбзэм и щэхуэхэр Москва зэрыщыбджаф уэ иджы сабэп къыпхуэхъуу къыщIэкIынущ. Уи Iэпэlэсэныгъэ абырэ зэпэгъунэгъуу си гугъэщ...

- Дауи, къысхуосабэп. ЕджапIэм и фIыгъэкIэ сэ щIэщыгъуэ куэд къэсщIащ, цIыху гъэщIэгъуэнхэм нэIуасэ сахуэхъуащ. Абы нэмыщIи, зи Iэщlагъэмрэ лэжьыгъэ Iэнатlэмрэ гупсэхуагъуэ хэзыльхьэ егъэджакIуэхэм куэдым гу льызагъэтащ.

- Тортхэм, фэильхьэгъуэхэм ятепщIыхь сурэтхэм, дамыгъэхэм, тхыпхъэхэм куэду яхэтщ адыгэм ди тхыдэр, лъэпкъ гупсысэр къэзыгъэлъагъуэхэр. Псалъэ Iущхэри адыгэбзэкIэ тыботхэ. Адыгэ Iуэхум, лъэпкъ гъуазджэм удихьэхр?

- Лъэпкъ гупсысэ хэлъу зыгуэр щысщIэм деж абы сегъэпейтей. Сэ егъэлеиуэ сроГушхуэ лъэпкъ сыкъызыкъэкIам, абы и щэнхабзэр солъытэ, и хабзэ-бзыпхъэм сыдекъэж. Сыхэкупсэщ. Адыгэ тхыпхъэу сэ къэзгъэсэбэпхэр къыщыхэсхкIэ, куэдым саходу. Сыту жыпIэмэ, дэтхэнэ дамыгъэми мыхьэнэ щхьэхуэу иIэщ. Адыгэ тхыпхъэхэмрэ дамыгъэхэмрэ гупсысэ куу ящIэльщ. Си Iэдэжщ сытыми щыгъуи сабэп къысхуэхъу тхылъыр - Накуэ Феликс и - Тхыпхъэр».

- Уэ икIи удыгэ анэщ. Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къалэным уэ езым уи Iэмал гуэрхэр хэпльхьэрэ?

- ЩIалитIрэ хъыджэбзэрэ диIэщ. Пщащэр цIыкIущ, иджыри гъэфIэнщ. Щlалэхэр адыгэ хабзэм и мардэм тету дгъэсэн папщIэ си щхьэнтуэсами сэри тлъэкI къздгъэзэркъым. Дыхуейщ, «лъэпкъ» псалъэм мыхьэнэуэ иIэр зэхащIыкIыну, пэжым тетыну.

- Цlыху хьэл-щэнхэм ящыщу нэхъыщIхьэу къэпльытэр...

- Адыгэ хабзэм цIыхугъэр япэ иригъэщу си гугъэщ. Абы къыпхъорокIыж нэмысри, напэри, акъылри, гущIэгъэри, нэгъэщI куэди.

Епсэльар **ГУГЪУЭТ Заремэ.**

Ди къуажэхэм зауж

Машинэ, цIыху куэд щызекIуэ, щызэблэкI автомобиль гъэгухэр шынагъэншэу щытыныр мыхьэнэщхуэ зиIэ Iэхугъэущ. Ар къагурыIуэу, республикэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI, посэм хуэмыдэу иджыпрей уэздыгъэхэмкIэ ахэр къызэщIэгъэнэхуным екъэлIауэ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым къриубыдэу, республикэ, районым мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэзэгу псори зэхэту километр 33-м апхуэдэ уэздыгъэхэр щыпадзащ. Псалъэм къыдэкIуэу, «Гъэзгуфl шынагъэншэхэр» лъэпкъ пэхущIэм ипкъ иткIэ Бабугент, Шордакъ, Псыгуэнсу, Аргудан къуажэхэм, Налчык кьалэм я автомобиль гъэзгухэм, километр 13 зи кIыхьагъым, я гъэзгубгъэхэр нэху ящIащ.

Мы гъэм щIыналIэ гъэзгу фондым кьыхэхIыу уэздыгъэхэр щыпадзащ километр 18 зи кIыхьагъ автомобиль гъэзгухэм. Абы хохьэ Бахъсэн кьалэм и курыт еджапIэщIэм хуэкIуэгъуэр, Май кьалэм, Аушыджэр, Къэщкъэтау къуажэхэм яйхэр.

Абы нэмыщI, иджыпсту ираГъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хиубыдэу, Шэрэдж Ищхъэрэ кьуажэм и гъэзгуу километри 9,3-рэ, Дыгулыбгъуей и километри 3,3-р апхуэдэ уэздыгъэхэмкIэ кьыхэщIагъэблэнущ.

«Къуажэ щIыпIэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьын» къэрал пэхуэщIэм и фIыгъэкIэ Псыхъурей къуажэмэ километр 1,5-рэ си кIыхьагъ гъэзгур кьыщыхэщIагъэнэхэунущ. Мыдрейуэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ Сэрмакъ, Аргудан, Жэмтхъэлэ Ищхъэрэм, Къубэ-Табэ, Кьулькьужьын Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ къуажэхэм, Iэдиижу жьлэм пхрыкI Гъэзгухэм. Ахэр псори зэхэту километр 42-рэ мэхъу.

2024 гъэм и кIэм ирихьэлIэу иджырей уэздыгъэхэр кьыщыщIа автомобиль гъэзгухэм я кIыхьагъыр 75-м нысэрыхьэсынущ.

ХЬэщIыкIуей Олег.

● УФСБ-м къет

Хабзэншагъэр къыщIагъэщ

Урысей ФСБ-м и управленэу КЪБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхьаджагъэхэм пэщIэт къэлыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Аруан район администрацэм и лэжьакIуэ цIыхубзым илэжь хабзэншагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIэ, муниципальнэ къулыкъущIэм улахуэр зраIухьэ реестрэм бжыгъэ нэпцIкIэр кьыщигъэлъагъуэрэ бюджет ахъшэ зыкIэщIиупщIащ.

Аруан район судым и унафэ къару зыгъэтам ипкъ иткIэ, Сомгъур М. З. къуаншэу кьалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Абы селовнэу зы илъэрэ мази 6-рэ тралъхьащ, зыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ.

Iэ щаIэт щIыпIэхэр мафIэсым щахъумэ

Наlуэу зэрыщытщи, 2024 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и VII зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ.

ХЭХЫПIэ участкэхэм мафIэс къыщымыгъэхъуныр я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ мафIэсгъэункIыфIхэми хэхакIуэ комиссэхэм я унафэщIхэми. Абыхэм езыхэм я щхьэжьэ жэуап яхь Iэ щаIэт щIыпIэхэм мафIэс къэмыгъэхъуным и хабзэхэр ткIийуэ щагъэзэщIынымкIэ хуэунэтIауэ.

Япэрауэ, Iэ щаIэт щIыпIэхэри пэшхэри кьабзэу щытыпхъащ. ЩIэкIыпIэхэр (аэр тIу нэхъ-рэ нэхъ мащIэн хуейкъым) якудэ хъунукъым. МафIэс кранхэр зэщIэузэдэн хуейщ шкафым дэлъ Iэгъуаплъэхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ. Пэшхэм иль алэрыбгъуэхэр лъэгум кIэрыгъэбыдаеуэ щытын хуейщ. ХэхыпIэ участкэхэм щыIэн хуейщ мафIэс зэрагъэункIыфI Iэмэпсымэ кьыззэрыгъэкIхэр. Дэтхэнэ кьатми нэхъ Iупльапlэхэм деж щыфIадзэ мафIэс къэхъумэ, цIыхухэр унэм кьыззэрыщIагъэкIыну щыкIэр кьыщIигъэльэгъуахэр, а кьэхъукъащIэм пэувынухэр кьыззэрыражэну телефонкэм я номерхэр зыштэхэр. Абы кьыдэкIуэу Iэ щаIэтыну пэшхэм, абы кьегъэщIылIа щIыпIэхэм псынщIэу кьэлыдэр щахъумэну, тутын щефэну, мафIэ щащIыну, пъэнкIийхэр щагъэсыну хуиткIым. Кlэщlу жьлIэмэ, хэхыпIэ участкэхэм мафIэс кьыщымыхъун папщIэ кьаиэ щымыIэу зыхуеину псори зэфIагъэкIын хуейщ.

А кьедбжэкIахэм нэмыщI, хэхакIуэ комиссэхэм хэтхэр электрическэ уэздыгъэхэмкIэ кьызэрагъэпэщын хуейщ, тIу кьэс зы нэхъ-рэ мы нэхъ мащIэ яхуэзэу.

Ауэ, щхьэусыгъуэ гуэркIэ мафIэ кьыщIэнамэ, псом япэу мафIэсгъэункIыфIхэм хъыбар егъэщIапхъэщ «01» (стационар телефонхэмкIэ), «101» е «112» (жьыпI телефонхэмкIэ) номерхэмкIэ. Абы псэльэн хуейщ мафIэсым и сыт хуэдэ нэщэнэм гу лъатами - мафIэ кьэлыдами е Iугъуэ кьыхих кьудейми. МафIэс кьыззэрыхъумэжу щIыпIэхэм, участкэм и хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым икIащIыпIэкIэ хъыбар ирагъэщIэн, щIэкIыпIэ псори кьыззэIухын, щIыхуэр щIигъэIэпхъукIын хуейщ. ЩIыпIэ щынагъуэншэм ягъэIэпхъуэн хуейщ хэхыпIэ урнэхэр, Iэ зэраIэт бюллетенхэр, хьэпшып нэхъ лъапIэхэмрэ дэфтэрхэмрэ. МафIэм кьиуэ щIыпIэ щытыкIэхэм зэрыщыщфхъумэфIнур икIи ахэр ягъэзащIэмэ, псоми зэщIэгъэуIуауэ Iэ щаIэт махуэхэм къэхъуькъащIэхэр щыIэнукъым, - къет Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-кьеГъэлакIуэ и кьулькьущIапIэм и пресс-лъэхущIапIэм.

УАРДЭ Жантинэ.

«Ажалыр щащэр къыджеIэ»

Ди республикэм щыщIидзащ «Ажалыр щащэр къыджеIэ» урысейпсо акцэм и етIуанэ Iыхьэм.

IУЭХУР егъэкIуэкIынымкIэ штабым и зэIущIэр щызэхэтащ Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ управленэу КЪБР-м щыIэ МВД-м епхам. Абы хэтащ республикэ МВД-м, Урысей ФСИН-м и Управленэр КЪБР-м щыIэм, ЕгъэджэнныгъэмрэщIэныгъэмкIэ, Узынщагъэр хъумэныкIэ, ЩIэнхабзэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ, Лъэпкъ Iуэхуэхэмрэ жьлагъуэ проектхэмкIэ и министерствэхэм я лыкIуэхэр.

«Ажалыр щащэр къыджеIэ» урысейпсо акцэм и мурадыр хабзэм кьемэ зэгъуэ наркотикхэр зеГъэкIуэным пэщIэтныныр, медицинэм емыпхауэ ар зрахьэлIэныкIэ профилактикэ Iуэхуэхэр егъэкIуэкIыныр, мыхьэнэ зиIэ хъыбархэр псынщIэу зэхуэхьэсыным, щхъуэным иубыдахэм ягъэзэным икIи гъащIэ узынщэм хэшэжным теухуа упщIэхэм жэуап зэпкърыха, чэнджэщ ятыныр, а Iуэху щхьэпэм жьлагъэр зыкъхэшэныр.

Къыззгъэпэщащ Iуэхэр щогугъ щIыхуэр а Iуэхум жьджэру къыжьэну, абы ехьэлIа дэтхэнэ хъыбарми мыхьэнэшхуэ иIэщи. ЗэIущIэм къызэрыщыкъагъэщащи, мы профилактикэ Iуэхуэр республикэм щыпсэуэхэм я деж нэхъри зыщеубгъу.

КЪБР-м щыIэ МВД-м и УНК-м фигу кьеГъэкIыж наркотикхэр зыщIэхэм ятеуэху хъыбарыр акцэр щекIуэкI пIалъэм имызакъуэу, сыт хуэдэ зэманми ебГъащIэ зэрыхьэныр.

«Дзыхь зрагъэз телефонхэр»:

КЪБР-м щыIэ МВД - **(8662) 49-50-62;**
(8662) 40-49-10 (пльыр часть)
КЪБР-м щыIэ Урысей ФСИН-м и Управленэ -
(8662) 75-27-54;
(8662) 77-93-89
КЪБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэ -
(8662) 42-28-23
КЪБР-м Узынщагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» -
(8662) 44-17-83.

Дэтхэнэ хъыбарри кьапщытэнущ, гупьытэнщэуи зыри кьэнэнукъым.

БАХЪСЭН Лянэ.

БыдапIэ, къалэжь, сэреижь

● Тхьыдэ

Бжьэдыгуэкъалэ пэмыжыжьэу, Адыгэ Республикэм хиубыдэ Теучэж районым зыщеубгъу нобэ зи гугъу тщIыну Iуащхьэныкъуэ къалэжьым. Археологэм и къэхутэныгъэхэм ар зэрыхэтыр «Езанэ Гъэтлыкъуей къалэжь» щIэмкIэщ.

КЪАЛЭЖЬКIЭ дыздэжьр урысыбзэкIэ зэрыщIыгъ «городище» археолог фIэщыгъэрщ, «Къалэжь» псалъэм къикI дыдэрщ, абыи и мыхьэнэр: зэгуэр кьалэ («город») здэщыта щIыпIэ. Уегупсысыжмэ, нобэ «кьалэ» псалъэм нэхъыбэу «къуажэм нэхърэ нэхъ ин псэупIэ» кьидгъэкI щхьэкIэ, ар къэзгъэжьар «быдапIэ», «зыхъумэжыным хуэузэда псэупIэ» мыхьэнэм тетущ. Зи гугъу тщIы Iуащхьэныкъуэм иджыри зэрехьэ «Сэреижь», «Хэкужь» щIэхэри. Урыс археологхэм ящыщу абы япэу гу лъызэтари, и тхьдэр щIэныгъэ тхыльхэм изыгъэззэгъари Анфимов Никитэщ. Адыгэ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэщ абрагъуэ иIэщ Iуащхьэныкъуэм, сыту жыпIэмэ, мы фэеплъым зэпещIэ пасэрей адыгэхэм я къежьапIэмрэ иджырей лъэхъэнэмрэ. Абдежым щекIуэкIа гъащIэр лъэпкъыр и лъапсэжьым зэрысыжьым и щыхьэт наIуэу къоув, япэрауэ. ЕтIуанэрауэ, мэуэтхэмрэ адыгэхэмрэ зы тхьдэ зэраIэр нэрылъагъу ещI.

Iуащхьэныкъуэр и тепльэкIэ зыхъумэжыпIэ абрагъуэщ. Къалэжьым и тхьдэр къызэщIэубыдауэ илъэс миниитIым хуагъакIуэ. Археологхэм абдежым къыщагъэтыжа «щэнхабзэ лъэхъэнэхэр» Iыхьищу ягъэш. Япэрейр мэуэт лъэхъэнэ кIасэрщ (ди эрэм и I-Il пIащIэгъуэхэр), ику и Iыхьэр - мэуэт щэнхабзэм и кIэуэным хуозэ, ещанэр - ди эрэм и V-VII лIащIыгъуэхэрщ, абы иджыри «зыхьэхэм я зэманкIэ» йоджэ.

Дыззэрыт зэманым быдапIэкъым щыщу кьэнэжа ухуэнагъэ кьалэр и тепльэкIэ тхьэкIумэм ирагъэщхь. И кум хуэзэ нэхъ лъагэ Iыхьэм и нэхъыбэр Дыщ псы цIыкIум ирилъэсыкIащ, ардыдэм и Iуфэ сэмэгум ёокIуалIэ кьалэжьым кьыхэнэжа ухуэныгъэхэр. Пасэ зэманми иджыри зэрызахъумэж Iэмал нэхъыщхьэ яIахэм язщ щIы зэпрытIыкIыпIэхэр. Зи гугъу тщIы фэеплъым и бгъуитIымкIэ апхуэдэ щIытI куухэр ирокIуэ. ЕтIуанэ щIытым и щIыбагъым къэпльахэ кьыщIытщ.

Анфимовым щэч кьытрихэркъым Iуащхьэныкъуэр мэуэт-адыгэ фэеплъу зэрыщытым. Ар хабжэ «Планетэм и хуэгуэрфIыгъуэхэр» зыфIащ федеральнэ мыхьэнэ зиIэхэм. Апхуэдэ Iэмал къозытыр ухуэныгъэ кьэнаэр псэууэ кьызыфIэбгъащIу, суратхIэ иIа тепльэр зэфIэбгъэзэвэж зэрыхъурщ.

Кьалэжьым зэрихьэ «Сэреижь» цIэм и фIыгъэкIэ а щIыпIэр затуущIэхэм я зекIуэпIэу зэрыщытар кьахутащ. КъинэмыщIауэ, Iуащхьэныкъуэм щрагъэкIуэкIырт хасэ зэIущIэхэмрэ зэхуэсыщхуэзэхэмрэ. Псалъэм папщIэ, Пэнэжьыкъуей деж щекIуэкIа Пщыуэркъ зауэм хэта дзэлIэр щызэхуэсу щытар Iуащхьэныкъуэщ.

Iуащхьэныкъуэм «Хэкужь» цIэри зэрызэрихьэм Iупщl пщещI ар пасэрей адыгэхэм я псэупIэу, зэхэзекIуапIэу зэрыщытар, ди адэжьэр абдежым илъэс мин бжьыгъэкIэ зэрыщыпсэуар.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлэжьынымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КЪБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.471
Заказыр №1890

12+

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщагъэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу кьалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.